



**GLENDALE
ELEMENTARY
SCHOOL DISTRICT**

Igitabo c-Abavyeyi n-Abanyeshuri

2024-2025

Akarere K-Amashure Abanza muri Glendale

Umwaka w-Ishure wa 2024-2025

Ukwa 7 2024

S	M	T	W	Th	F	Sa
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			

Ukwa 8 2024

S	M	T	W	Th	F	Sa
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

Ukwa 10 2024

S	M	T	W	Th	F	Sa
			1	2	3	4
6	7	8	9	10	11	
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

Ukwa 1 2025

S	M	T	W	Th	F	Sa
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	

Ukwa 4 2025

S	M	T	W	Th	F	Sa
			1	2	3	4
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30			

Ukwa 5 2025

S	M	T	W	Th	F	S
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	31

Ukwa 9 2024

S	M	T	W	Th	F	Sa
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

Ukwa 12 2024

S	M	T	W	Th	S	Sa
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

Ukwa 3 2025

S	M	T	W	Th	F	Sa
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

Ukwa 6 2025

S	M	T	W	Th	F	Sa
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

Ukwa 7:4 – Ubwigenge bw-Igihugu

Ukwa 7:22-26 – Abigisha Bitezurira Akazi

Ukwa 7:29-31 - Abigisha Bitezurira Akazi

Ukwa 8: 1-2 – Abigisha Bitezurira Akazi

Ukwa 8: 5 – Amashure Aratangira

Ukwa 8: 30 – Umusi w-Ihugurwa ry-Abigisha

Ukwa 9:2: Umusi Wahariwe Abakozi

Ukwa 10: 3-4 – Inama: Abavyeyi-Abigisha/Abana Bataha Kare

Ukwa 10: 7-11 – Akaruhuko

Ukwa 11:11 – Umusi Mukuru w-Ingabo Zakirwaniye

Ukwa 11:27-28-29 – Imisi Mikuru yo Gushima

Ukwa 12: 20 – Abana Bazotaha Kare

Ukwa 12: 23 kugeza 3 **Ukwa 1:** Akaruhuko ka Bonane

Ukwa 1: 6 – Ihugurwa ry-Abigisha

Ukwa 1: 7– Igice c-Umwaka ca 2 Kiratangura

Ukwa 1: 20 - Umusi Wa Martin Luther King Jr.

Ukwa 2: 17 – Umusi w-Abakuru b-Igihugu

Ukwa 3: 13-14– Inama: Abavyeyi-Abigisha/Abana Bataha Kare

Ukwa 3: 17-21– Akaruhuko

Ukwa 4: 18 – Ibizami. Abana Bazotaha Kare

Ukwa 5: 22 – Umusi wanyuma w-Amashure

Ukwa 5: 26 – Umusi Wahariwe Abasirikare Baguye Mu Ntambara

INSIGURO

Amashure Aratangura/Arafunga

Imisi Mikuru y-Igihugu/Uturuhuko

Imisi Abana Bataha kare

Imisi y-Ihugurwa ry-Abigisha

Imisi yo Guha Ikaze Abakozi

Inama z-Abavyeyi n-Abigisha

Imisi yo Kwiga

Igice ca 1: imisi 43

Igice ca 2: imisi 46

Igice ca 3: imisi 47

Igice ca 4: imisi 44

Yose Hamwe = imisi 180

Ingene Ibice Bikurikirana

Ingene ca 1: 5 ukwa 8-4 ukwa 10

Ingene ca 2: 14 ukwa 10-20 ukwa 12

Ingene ca 3: 7 ukwa 1-14 ukwa 3

Ingene ca 4: 24 ukwa 3-22 ukwa 5

Nshuti Miryango yo mu karere k-Amashure Abanza ya Glendale,

Mugihe dutangiye umwaka mushya w'amashuri, mfite umunezero wo kubakira hamwe n'imiryango yanyu. Murakoze kutwizera kwigisha abana banyu. Twishimiye cyane guteza imbere amasomo kandi tukama turi inyangamugayo muri kino kibano cacu.

Muri Glendale, amashuri yacu si aho abana bigira gusa; bakura bazi ko bagomba kuzaba abaturagi bazi ico bashaka kandi bakazanakigeraho. Natwe twiyemeje guha indero abana banyu tubakangurira kuba abahanga kandi bakaba abana bakunda amashure. Abigisha bacu nabo ni abambere mu kwigisha abana bagahita baba abanyeshure batekereza ivyo gukemura ibibazo bakazanaba abenegihugu b-isis yose.

Turatahura neza ko kwigisha abana Atari igikorwa c-umwigisha gusa. Turishimiye cane ko mwatwemereye ngo dufashanye kurera abana banyu. Turabasaba ngo dukomeze kwumvikana tunaganira ku bijanye n-indero y-abana banyu, haba mu masomero canke mu bindi bikorwa duhiriraho hano mu kibano cacu.

Buri mwaka, turishimana n-ivyo abana bacu baba bararanguye n-ingene baba barabaye bakuru. Bitwererka ko ko bakoresheje umwete kandi bakabifashwa n-imiryango bavukamwo. Turi kumwe tuzakomeza kwigisha no kurera abana bacu kugira bazakurane umwete bongere biteho ingene bazibeshaho.

Nongeye kubaha ikaze muri uyu mwaka musha w-amashure! Turizeye neza ko uyu mwaka uzatubera uw-intibagiranwa n-inyungu kuri umwe wese.

Mwubahwe,

Cindy Segotta-Jones

IBIRI MURI KINO GITABO

Igitabu c-Umuvyeyi n-Umunyeshure	1	Urubuga rw-Abavyeyi	12
Imikino yo Kunonora Imitsi		Itegeko I Rigenga Uruhara rw-Ababyeyi	12
Intumbero y-Iyo Mikino	1		
Ibisabwa Kugira ube muri iyo Mikino	1		
Ibijanye no Gutonda Ishure		Inyigisho z-Abana Zidasanzwe	
Intumbero y-Ugutonda Ku Ishure	1	Insiguro Y-Amashure Adasanzwe	12
Ibisibo	1	Abana Bagendana Ubumuga	13
Amategeko Agenga Gusiba Ishure	1	Programa Ivuza Abana Bagendana Ubumuga	13
Programa C.U.T.S. Ni iki	1	Imfashanyo y-Abana Bagendana Ubumuga	13
Kuva Ku Ishure kare	2	Kwigisha k-ubuntu Abana Bafite Ubumuga	13
Kugira uruhara mu bindi Bikorwa ku Ishure	2	Amashure y-Abana barusha Abandi Ubwenge	14
Kuriha Amasaha Watakaje	2	Kutavangura Abana Kuja Gutembera Bari Kwiga	14
Umutekano w-Abanyeshure Mu Mashure		Programa z-Intango	14
Insiguro y-Umutekano w-Ikigo n-Abanyeshure	2		
Inyifato mu gihe c-ingorane n-Ivyaduka	2	Ingeso z-Abanyeshure	
Inyifato mu Kigo c-Ishure	2	Insiguro y-Ingeso z-Abanyeshure	15
Gufata amajwi n-amafoto muri Bisi z-Ishure	3	Ibitegekanijwe mu Kwigisha Abana Bagoye	15
Kurega Ihohoterwa ry-Umwana	3	Gukandamiza Abandi Banyeshure	15
Gusaka no Gufata Ibikoresho ku bw-Umutekano	3	Uburenganzira bw-Abanyeshure	16
Ingene Ibiro Nkingirabana Bikora Itohoza	3	Ivyuma Mbikabumenyi	17
IngeneAbajejwe Umutekano Bakora Itohoza	3		
Ingene Abayobozi b-Ishure Bakora Itohoza	3	Ivyokorwa iyo Umunyeshure Yarenganijwe	17
Ivyigwa		Ibihano Bihabwa Umunyeshure Yitwaye Nabi	18
Intumbero y-Amashure n-Itunganya ry-Ivyigwa	4	Guagarika - Kvirukana Abagendana Ubumuga	19
Ivyigwa Abana Bakorera mu Rugo	4	Itegeko IX ryihanza ivangura-bitsina	19
Agashimwe Ku Bana b-Abahaha	4	Ubugaba n-Ibihano Bitegekanijwe	19
Intumbero y-Ivyigwa Mu Karere ka Glendale	4	Inyambaro mu Mashure	23
Amategeko yo Kunguruzwa	4	Insiguro y-Inyambaro mu Mashure	23
Amakarata Yerekaka Amanota	5	Ivyambarwa Mperekeza	23
Ibifungurwa n-Ingaburo		Inyambarwa zo Hasi	23
Insiguro y-Ibijanye n-Ibifungurwa	5	Inyambarwa zo Hejuru	23
Ibifungurwa n-Ingaburo	5	Ibirato	23
Gutegura Imfungurwa n-Urutonde Rwazo	5	Kwandikisha Umunyeshure	
Ibifungurwa n-Amagara Meza	6	Insiguro yo Kwandikisha Umunyeshure	23
Ikiguzi c-Ibifungurwa canke ku Buntu	6	Intambwe zo Kwandikwa	24
Ibifungurwa Bidasananzwe	6	Ivyangombwa Bikenewe Ku Ishure	24
Programa yo Kugaburia Abana Mu Kiruhuko	6	Umuvyeyi Yahawe Uburenagnzira ku Mwana	24
Ibimenyeshejwe muri Rusangi		Amategeko y-Inkingo	24
Insiguro y-Ibimenyeshejwe	7	Kwiyandikisha Mw-Ishure ry-aho Udatuye	24
Uburenganzira bw-Umuvyeyi/Umurezi	7	Kwimura abanyeshure ku rindi shure	24
Imisi Abana Bataha Kare	7	Amagara y-Abanyeshure	
Ibikorwa Ngororera-mashure	7	Insiguro y-Amagara y-Abanyeshure	25
Asiranse Nkingiramagara	7	Amategeko Agenga Amagara y-Abanyeshure	25
Kutavangura	7	Ingwara Zidakira	25
Umutungo w-Ishure n-uw-Abanyeshure		Ingwara Zandukira	25
Gusaba ivyangombwa vy-Umunyeshure	7	Umunyeshure Yarwaye Yoguma Mu rugo	25
Kunywa Itabi Birabujijwe n-Amategeko	8	Inkingo	26
Gusura Ikigo c-Ishure	8	Imiti	26
Ibindi Bikorwa na Programa zo mu Mashure		Ingwara y-Inda zo mu mushatsi	27
Ibindi Bikorwa n-IZindi programa mu Karere	8	Umukozi wo mu Biro Ntungamagara	27
Programa y-Icongereza kuva K Kugeza	8	Imiti Abana bashobora Guhabwa Ku Ishure	27
Kwandikwa muri iyo Programa no Kuyitsinda	9	Miduga Yungurua Abanyeshure	
Ivyigwa (Nyuma y-Amasaha y-Ishure)	9	Insiguro ku Miduga Yungurua Abanyeshure	28
Ikigo c-Ubufasha mu karere GESD (SoCC)	9	Amategeko Agenga Gutwara Abana muri Bisi	28
Gufasha Abatagira Aho Baba	9	Ibikoresho Mbonesha-Mutekano kuri Bisi	28
Programa y-Impunzi	10	Indangamuntu za Bisi	28
Ibiro Bifasha Imiryango Itishoboye	10	Amakosa muri Bisi n-Ibihano Bijanye na yo	29
Uruhara rw-Abavyeyi/Abarezi mu Mashure		Urubuga Rufasha Abavyeyi Ku Bijanye na Bisi	30
Ijambo ry-Insobanuro	10	Iyuma Vy-Ubuwinga bwa None	
UKWITANGA: Programa y-Abagiraneza	10	Insiguro y-Ubuwinga Bugezweho	31
Guhanahana Amakuru	10	Amasezerano mu Gukoresha Ubuwinga Bushasha	31
Ibiro Ntunganizamiryango	10	Ivyemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma	31
Inama z-Abahagarariye Akarere Glendale	11	Ibitemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma	32
Ibiro Bijejwe Indimi	11	Amategeko Agenga Imbuga Mbikamakuru	34
Impungenge z-Abavyeyi/Abarezi	11	Uburenganzira Bwanje	34
Uburengazira bw-Abavyeyi Kumenya	11	Kwishura Ivyuma Vyamenetse canke Vyibwe	35
Inama z-Abavyeyi n-Abigisha	12	Ingingo Zikingira Amashure ya Glendale	35
Amashirahamwe y-Abavyeyi-n-Abigisha	12	Iyerekana ko Umuvyeyi Yahawe Igitabo	37
		Ivyangombwa vy-Umunyeshure Batanga	38

IGITABO C-UMUVYEWI N-UMUNYESHURE

Intumbero y-iki gitabo ni ni ugushikiriza Abavyeyi n-Aabanyeshure urutonde rw-amategeko, ingingo, na za programa zose Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale agenderaho.

IMIKINO YO KUNONORA IMITSI

Intumbero y-Iyo Mikino

Mu Mashure Abanza mu Karere ka Glendale turizera ko imikino yo kunonora imitsi ifite uruhara rukomeye cane muri programa y-inyigisho. Programa y-Imikino ni akanya keza ko kwiha discipline, kugira umutima wo gukorera hamwe, no kwihiatira guhiganwa mu masaha atari ayo mw-ishure.

Ibisabwa kugirango ube muri iyo mikino

Mbere y-uko abanyeshure bemererwa kuja mw-ihiganwa, bagomba kuba bujuja ibisabwa mu vyigwa vyo mw-ishure, ahnyuma bakareba kuri video hamwe n-abamenyerezea babo, noneho bagatangu ku ishure ikete ry-umuvyeyi canke umurezi rimuha uburenganzira bwo kuba mu bahiganwa. Abanyeshure basabwa kandi kwisuzumisha kwa muganga ku mwaka ku mwaka bakogera bakaba bafite uburenganzira ntungamagara. Insiguro itomoye mushobora kuyisanga ku rubuga mbikabumenyi www.gesd40.org.

IBIJANYE NO GUTONDA ISHURE

Intumbero y-Ugutonda ku Ishure

Amashure Abanza yo mu Karere ka Glendale arategera neza ko abanyeshure bafite kudatonda ishure mu gihe bibaye ngombwa gusa. Ingingo zikurikira tugomba kuzubahiriza, kugirango tugabanye ivyovyose vyosamaza abanyeshure, twongere duhimirize abanyeshure kudacerwa canke kudasiba ishure.

Ibisibo

Mu gihe bibaye ngombwa ko umunyeshure asiba ishure, musabwe kubimeyesha ishure bitarenze isaha n-igice kuva ivyigwa bitanguye. Ishure ryose rifite umurongo wa nimero muhamagara kugira mumeneshe uwasivyе ishure. Mushobora gusiga ubutumwa. Ico gisibo kizagumaho kugeza umuvyeyi ahamagaye ishure canke akatwandikira agakete. Ishure rica rihamagara mu masaha abiri kuva ivyigwa bitanguye mu gihe umuvyeyi atazaba yahamagaye canke yarungitse ikete risigura ko umunyeshure ari busibe ishure.

Amategeko Agenga Gusiba Ishure

Gutonda ishure ntabwo ari umuco mwiza gusa; ni itegeko hano mu ntara ya Arizona. Umwana uri hagati y-imyaka 6 na 16 asibye ishure arakurikiranwa kiretsa abirekuriwe n-amategeko ARS 15-802, 15-803, canke 15-901. Uguisa birenze urugero canke birenga ica 10 c-imisi yo gutonda ishure navyo bifatwa nk-ubugâba n-aho umwana yoba abifitiye uruhusha. Umuvyeyi canke umurezi w-abana abifitiye uburenganzira niwe ugomba kuitwararika ko umwana atonda ishure buri musi, canke agakurikiranwa n-amategeko yo ku rwego rwa 3 mu gihe umuvyeyi canke umurezi atitayeho kurungika umwana ku ishure.

Guta ishure ni uguisimba ivyigwa isaha imwe canke nyinshi umuvyeyi/umurezi atabizi kandi biyuranye n-amategeko ya Arizona canke y-Ishure. Ibisibo bigera kuri bitanu mu mwaka nta ruhusha rubyemeza bifatwa nko guta ishure. Akamenyero ko guta ishure, ufite uruhusha canke utarufite, bahanwa n-amategeko agenga abana abavyeyi/abarezi nabo bakarungikwa mu rukiko.

Programa C.U.T.S. ni iki

Ni programa yo mu gisata ca Maricopa, ikoresha ibihano bihabwa abanyeshure n-abavyeyi/abarezi mu gihe abana batitaba ishure. Ubuyobozi bw-Ishure burafite uburenganzira bwo kurega umuvyeyi/umurezi mu gihe umwana akwije ibisibo 5 canke birenga canke ibisibo birenga 19 n-aho yoba afite uruhusha

canke atarufite. Muri ico gihe umuvyeyi n-umwana basabwa kuitaba mu Kigo c-Urukiko rw-abana bompi. Ibisubizo vyo mu rukiko bishobora kuba ibi:

- Ihadaba ya Dolari 50.
- Umuvyeyi canke umwana canke bompi basabwa kuitaba inyigisho isobanura ibijanye n-Ishure
- Ighano co gukora amasaha canke guhugurwa bishobora guhabwa umunyeshure.

Kuva Ku ishure Kare

Vyoba vyiza mu gihe abana bavanwa ku ishure kare gashoboka. Duhamagaye abana tubavana mu ishure birasamaza amasomo umwigisha aba yateguye muri ico gihe. Umuvyeyi aje guora umwana mu masaha y-ishure, bica biharurwa ko yize igice c-uwo musi. Vyiza mwobaza ibiro vy-ishure ingene igisibo c-uwo musi giheza kigaharurwa.

Muca mu biro mugutora umwana mu masaha y-ishure. Uwo wese aje gutora umwana aba yanditswe muri dosiye y-umwana/akaba uwo twoshaka mu gihe vyihutirwa kandi akerekana indangamuntu yiwe.

Kugira Uruhara mu bindi Bikorwa ku Ishure

Abanyeshure basabwa kuba bamye ku ishure kuva kare. Ivyo bikorwa navyo ni iv-inyuma y-amasha y-ishure canke ku mugoroba: inkino, kuimenyereza, gutamba, n-ibindi.

Kuriha Amasaha Watakaje

Iiyo umwana yasivye ishure, asabwa kuriha amasaha yatakaje. Abigisha baraheza bagatunganya ivyo umunyeshure yokora kugirango arihe umwanya n-ibikorwa yari gukora iyo atari gusiba ishure.

UMUTEKANO W-ABANYESHURE MU MASHURE

Insiguro y- Umutekano w-Ikigo n-Abanyeshure

Amashure Abanza yo mu Karere ka Glendale arazirkana lo abanyeshure bafite uburenagzira bwo kwiga mu mutekano. Ingingo zikurikira zarafashwe kugirango ikigo kirangwe mwo umutekano w-abanyeshure.

Inyifato Rusangi mu Mashure mu bihe vy-Ingorane/Ivyaduka/n-Ingingo zofatwa

Twasanke ari ngombwa ngo tube tuzi icokorwa bibaye ngombwa n-ubwo hari umutekano mu Karere. Ishure ryose rifite ibitegekanijwe hagize impanuka ziyadukiza. Mu bitegekanijwe harimo gufunga imiryango y-ikigo yose canke guhungisha abanyeshure. Umurwi wo Kwirinda Impanuka wama wihweza ivyo bitegekanijwe ukongera ugahugura abakozi bose. Mu gihe habaye ivyaduka ku ishure canke mu kibano, imiryango y-ishure yose ishobora guhita yugarwa.

Imyitozo yo kwirinda umuliro no gufunga inzira zinjira mu kigo tubyitoza buri kanya. Mu gihe inzira zose zija mu kigo zugawe, ivyigwa birahagarara. Mu gihe ikigo kibonye ibimenyetso vy-caduka, abana bose baguma mu mashure imiryango yose ikugarwa, uruja n-uruza bigahagarara. Dushobora kandi guca dukoresha umurongo nterakamo mukumenyesha abavyeyi.

Ikindi n-uko Akarere Ka Glendale gategekanije inyifato rusangi Zo Mu Gihe c-Ivyaduka zo gutohoza no gutorera umuti ingorane kugirango dukomeze umutekano hanyuma abana bakomeze kwiga neza.

Inyifato mu Kigo c-Ishure

Nta muntu n-umwe uifite uburenganzira bwo guhungabanya umutekano mu kigo c-Ishure (Itegeko A.R.S 13-2911). Mu gihe bishitse, abategetsi b-Ishure bafite uburenganzira bwo kwirukana uwo muntu mu kigo c-Ishure. Bibaye ngombwa bagatabaza abajejwe umutekano. Imvugo itabereye, isamaza canke y-iterabwoba ku bakozi n-abanyeshure ntitzayihanganira kandi uwo ari we weseazerekana iyo nyifato igayitse tuzamwima uburenganzira bwo kuinjira mu Kigo c-Ishure

Gufata amajwi n-amafoto muri Bisi z-Ishure

Gufata amajwi n-amasanamu muri bisi z-Ishure bisabwa n-userukira Akarere (Umuyobozi w-Akarere, intumwa yiwe, Umukuru w-Ishure, canke Imboneza mu bijanye n-ukwunguruza abanyeshure) bigashikirizwa kandi bikabikwa n-Ibiro vy-Akarere nk-uko amategeko y-igihugu n-intara abisaba.

Kurega Ihohoterwa ry-Umwana

Amateka Nsubirwamo ya Arizona 13-3620 asaba umukozi wo mashure wese yibaza ko umwana yahohotewe canke bamutereranye ku buryo bigaragara ko umwana hari abamusinzikaje, bakamubabaza, bakamukubita, bakamukomeretsa ku mpaka bidaciye mu mpanuka, uwo mukozi yohita abimenyesha Igisata c-Umutekano w-Abana (DCS), canke/hamwe n-ibigo bishinzwe gukingira amategeko. Uwo wese atanga raporo z-ihohoterwa ry-abana akingirwa n-amategeko y-intara kugirango ntihagire ikimukurikirana.

Gusaka no Gufata Ibikoresho ku bw-Umutekano

Ubwitonzi, ugutunganirwa n-umutekano ni ngombwa kugirango abanyeshure bige neza. Abategetsi b-Ikigo c-Ishure bafite uburenganzira bwo gusaka no gufata ibikoresho, harimwo ibikoresho vy-Ishure vyatijwe abanyeshure, mu gihe hari impamvu zigaragara ko ivyo bikoresho binuranye n-ubwitonzi, ugutunganirwa n-umutekano w-abanyeshure. Ibikoresho nk-udusandugu canke imeza z-ububiko canke umutungo w-umwe wese birarekuwe kandi biguma ari ivy-Ikigo canke abategetsi bakabisuzuma igihe cose bibaye ngombwa. Abanyeshure ntaco bemerewe guhisha, kandi abakozi b-Ikigo bafite uburenganzira bwo gusuzuma udusandugu, imeza, ububiko n-ibindi umwanay wose bibaye ngombwa, hari impamvu canke ata mpamvu, abanyeshure babizi canke giturumbuka (Amateka y-Ishure JIH).

Ingene Ibiro Nkingirabana Bikora Itohoza

Itohoza ry-Abahinga bo Gisata c-Umutekano w-Abana rikorerwa mu mashure yo mu Karere. Umuvyeyi w-umunyeshure irytohoza riraba, co kimwe n-abo mu rugo rw-umunyeshure, bagomba kubimenyesha mberey-ighe. Abarongozi b-Ishure bashobora kuba bari kumwe n-abatohoza mu gihe ari ngombwa (Itegeko Murikira-Buyobozi JIH, A.R.S. 8-821 hamwe na 8-823, urupapuro rw-Insiguro y-Itegeko Murikira-Buyobozi JIH-EC rujako umukono w-Uwakoze amatohoza)

Ingene Abajejwe Umutekano Bakora Itohoza

Amateka y-Abahagarariye Akarere abasaba gukorana n-ibigo bijejwe umutekano. Mu gihe umunyeshure agomba kubazwa n-Inyamiramabi ku bugome bwoba bwarakozwe, abategetsi b-Ikigo basabwa kubimenyesha abavyeyi b-umunyeshure nyene kubazwa, kiretse inyamiramabi babona ko abavyeyi babimenye vyohava bituma itohoza ritagenda neza. Iinyamiramabi banse ko abavyeyi b-umunyeshure babimanya, umwe mu bategetsi b-ikigo agomba kuba muri irytohoza. Mu gihe Umutegetsi w-ikigo bamwankiye kuba muri irytohoza, Ujejwe umutekano agomba guhita yishinga uwo mwana mu kibanza c-abavyeyi canke abategetsi b-Ikigo. Mu gihe umunyeshure ahagaritswe akajanwa g fungwa bamukuye mu Kigo mu masaha y-ishure, ikigo ntabwo kiba kigifite uburenganzira ku mwana. Baca bandika urupapuro ngengamategeko Exhibit JIH-EB mu gihe umunyeshure yapfunzwe, hanyuma Umutegetsi w-ico Kigo canke Umushingwamategeko bakora uko bashoboye kugira babimenyeshe abavyeyi, bakongera bakabwira abavyeyi abashingwamategeko bamufashe.

Haramutse hategurwa itohoza, umuvyeyi canke umurezi w-umwana agomba kumenyeshwa ko abajejwe umutekano bari bukore itohoza ku mwana, Kandi umuvyeyi/umurezi afite uburenganzira ko kuba ahari. .

Ingene Abayobozi b-Ishure bakora Itohoza

Abakuru b-Ikigo barafite uburenganzira bwo kubaza umunyeshure ibijanye n-ishure ivyo arivyo vyose umwanya uwo ari wo wose. Umunyeshure ahawo igihano Ishure rica ribwira abavyeyi. Umunyeshure arafite uburenganzira bwo kwanka ko abashingwamategeko (SLO) abo ari bo bose bamubaza hakurikijwe itegeko (JIH) rigenga abahanuzwajambo mu karere.

IVYIGWA

Intumbero y-Amashure n-Itunganywa ry-Ivyigwa

Amashure Abanza mu Karere Ka Glendale yariyemeje kuigisha abanyeshure ku rwego rwo kubashikana ku buhangang bugezwe ho bwo guhangana n-ibisabwa muri kino kinjana ca 21. Ivyigwa vyegeranijwe dukurikije ivyo ababyeyi n-abigisha bashikirije. Amashure yigisha gusoma, kwandika, ubuhanga murikirabuzima, imibereho, umuziki, utugenegene, kwinonora, ubuhanga nshikirizamakuru. Ivyigwa vyose biri ku rugero rwa Intara ya Arizona.

Ivyigwa Abana Bakorerwa mu Rugo

Intumbero y-ibiyigwa bikorerwa mu rugo ni ukunonosora amasomo abanyeshure baba bize mw-ishure. Umwanya abanyeshure bokeresha muri izo nyigisho zo mu rugo ungana n-iminota icumi-cumi ukurikije ishure umwana agezemwo. Urugero: umwaka wambere ntiborenza iminota 10, uwa munani ntiborenza iminota 80. Abana bohabwa ivyo bikorwa vyo mu rugo gatatu mu c-umwero canke karenga. Turakeneye inkunga no kwumvikana kugirango ibibikorwa vyo mu rugo bifashe abana gutera imbere mu buhangang.

Agashimwe ku bana b-Abahanga

Amashure menshi yo mu Karere iwacu yarategekanije programa yo gushimira abana baba bakoze neza birengeje. Musabwe kwegera abayobozi b-Ishure bakabasigurira ivyerekeye iyo programa.

Intumbero y-Ivyigwa Mu Karere ka Glendale

Amabanga tujejwe ni aya: Abakozi bacu baravyigiye, baranonosora ivyerekeye akazi kabu kandi bakakitaho bafatanije n-imiryango mu kibano iwacu, bakongera baktwararika ko umunyeshure wese anonosora ubwenge bikamuha intege zo kuba incabwenge zizokwiteza imbere mu buzima.

Amategeko yo Kunguruzwa

Akarere k-Amashure yacu karitayeho ingene abana batera imbere. Abanyeshure bose basabwa gukwiza ivyangombwa kugira ngo babone kunguruzwa mw-ishure rikurikira: ingene umwana atonda kw-ishure, ivyigwa vyo mw-ishure, ingene abigisha bishimiye ibikorwa vy-umwana, amanota meza mu bikorwa vyo mw-ishure be n-ibizamini vya Intara. Umwana bimugoye haba hari ho umurwi wo k w-ishure uca uja inama n-abavyeyi b-umwana kugira ngo bafashe umwana gutorera umuti ibiba bimugoye. Umwigisha niwe aheza agafata ingingo ya nyuma. Abavyeyi badashimye ingingo zafashwe ku mwana wabo baba bafise uburenganzira bwo kwitura urwego nyoboz. Insobanuro itomoye kurusha ku vyereke iyunguruzwa ry-abanyeshure mushobora kuyisanga mu gitabu c-amategeko y-Akarere (raba igice c-amateka IKE).

Itegeko ARS Igice 15-701 riranonosora ko abanyeshure bose bo mu mwaka wa gatatu, kugirango bunguruzwe baba barerekanye ko bafise ubuhamba bwo kumenya gusoma nkuko amategeo ya Leta abisaba. Umwana azoba ari kure musi y-urwego rw-abana bo mu wa 3 mu vyerekeye kumenya gusoma ntazoheza ngo yunguruzwe kiretsi afise «impamvu ziboneka» zotuma bamureka akunguruzwa nkuko Inama Nkuru ya Intara Ijejwe Indero mu mashure ivyemeza. Izo mpamvu nazo ni zibiri:

1. Abanyeshure baciga Ikingereza canke abanyeshure bataranonosora Ikingereza baka bataramara imyaka ibiri biga urwo rurimi rw-Ikingereza, hamyuma
2. Abanyeshure bafise ubumuga, byemezwa n-abavyeyi canke abarezi b-uwo mwana; uwo mwana akaba akeneye gufashwa kurusha mu kwandika no gusoma, mu gutegera iivyo bamusomeye; canke akaba afise ingorane zihambayezifitaniye isano no guhahamuka.
3. Umunyeshure ari mu nzira yo gusabirwa inyigisho nterankunga canke umunyeshure yapimwe ko afise ubumuga butuma bimugora gusoma harimwo kutoroherwa gusoma no gutahura amajambo.

Amashure azoheza arungikire amakete abavyeyi b-abana bazoba bafise ingorane zihambaye mu vyereke kumenya gusoma imbere yo kurangiza umwaka wa gatatu. Iryo kete rizoba risobanura ini bikurikira:

1. Insiguro inonosora ingene bazoba barafashije umwana kumenya gusoma;

2. Insiguro uy-ubuhinga mu kwigisha yerekana ivyo bofasha umwana kugirango anono sore ubuhinga bwo kumenya gusoma
3. Ubuuhinga abavyeyi bikoresha ngo bafashe umwana wabo kuba umuhinga mu gusoma;
4. Ikete ryandikiwe abavyeyi risigura ko umwana wabo atazunguruzwa mu gihe amanita y-ikibazo ca Intara azoba yerekana ko uwo mwana ari musi y-abana bo mu wa gatatu mu e gusoma kiretse umunyeshure bamugiriye impuhwe kubera imwe muri za mpamvu zibiri twasigura hano hejuru.

Amakarata Yerekana Amanota

Abavyeyi/abarezi baronka amakarata y-amanota gatanu mu kwezi, igihe cose inyuma y-ibibazo. Arikо umwana wawe bama basuzuma ko atera imbere mu bwenge buri gihe. Nico gituma tubasaba ko mwokwama mubaza umwigisha ingene umwana akora mw-ishure igihe cose mugize amakenga canke mufise ico mubaza. Abanyeshure bahabwa amanita bakurikije inzego zategekanijwe n-Intara ya Arizona zerekana ingene umwana atera aca ubwenge. Ugwego rwa “4” ni rwo ruri hejuru. Amanota bayaharura gushika ku kibanza kigira 10 kugira berekane ubwenge bw-umwana bakurikije inzego z-amanota.

4=Urwego rwo hejuru:	Umunyeshure aba ari umuhanga ukora neza cane kandi buri gihe cyose akitaho ibiyiga akama asumbya abandi amanota meza bitamuvunye.
3=Urwego ruhagije:	Umunyeshure arerekana ko atahura neza amasomo, kandi ashoboye gukoresha ibyo yize ku rugero rw-umwaka yiga mo ntawumufashije. Biboneka ko umunyeshure ataratahura neza ibyo yigishijwe ariko ari gutera intambwe mu kunonosora no gukoresha ubuhinga yigishijwe.
2=Urwego rudakwiye:	Urabye umwaka y-igamo, biragaragara ko umunyeshure atari yagera ku rwego asabwa kugeraho.
1=Urwego rwo hasi:	

IBIFUNGURWA N-INGABURO

Insiguro y-Ibijanye n-Ibifungurwa

Ibijo vyo gutunganya imfungurwa mu karere ka Glendale bifasha mu kugaburira abana ibiryo ndemamubiri kandi biryohera abanyeshure.

Ibifungurwa n-Ingaburo

Ibiryo vyose birimwo ivyangombwa ndemamubiri, hamwe n-ivyamwa be n-imboga kugira ngo abana bame bameze neza ntibibagore kwiga. Abana bgaburirwa ku buntu. Akarere ka Glendale kari mw-Ishirahamwe CEP ry-Ubarenganzira bwo Kugaburira Ikkibano naro rikaba ari ishami ry-Amashirahamwe Mpuzagihugu y-Imfungurwa za mu gitondo na Sasita. Abanyeshure bose bafite uburenganzira bwo gufungura kw-ishure mu gitondo na sasita, ndetse n-amashure amwe n-amwe akagaburira abanyeshure mu gihe baba bari mu vyigwa ny-inyuma y-amasaha y-ishure.

Gutegura Imfungurwa n-Urutonde Rwazo

Mu gufasha abayeshure mu bijanye n-ibifungurwa, turagerageza gutegekanya amoko menshi y-ibiryo mu gihe co gufungura. Igitisa c-Ubwuhinzi n-Ubworozi USDA gitegeka ko umunyeshure abona ingaburo ibereye mu gitondo na sasita. Ibiryo biba ai ubwoko butandukanye kugirango umwana abone uko ahitamo ivyo ashaka bimushimishije. Mu gitondo abana babona imigati, ivyamwa, amata, imboga hamwe n-umutobe ukanywe mu mbuto. Sasita abana babategurira amata, ibiryo vyavuye mu ntete, inyama zitagira ibinure canke ivyokabwa inyama, n-ubwoko bunyuranye bw-imbuto be n-imboga. Sasita hategurwa ubwoko butatu kugirango abana bitorere ibiryo ndemamubiri kandi biryoshe. Urutonde rw-imfungurwa murusanga ku murongo mbikamakuru rw-akarere.

Ibifungurwa n-Amagara Meza

Intumbero yacu n-uko ibiryo vyoba biryoshe kandi ari ngirakamaro ku banyeshure bacu. Ingaburo zacu zose zigomba kuba zirimwo ivyangombwa biringaniye harimo amata, inyama, imikate n-ubwoko bw-imbuto n-imboga. Kugira dukomeze kugabura ibiryo byiza, kimwe kimwe cose turagisuzumisha imbere y-uko tugishira mu rutonde rw-ibiryo tugaburira abana. Twaratanguje kandi programa yo kugenzura ko imfumgurwa zigaburwa mu misi mikuru canke imanza zidasanzwe hano mu mashure ari ingaburo nziza. Ibijanye n-ibiryo vyose bigaburwa mu mashure kugeza ku gice c-isaha kuva Amashure arangiye, bigomba kuba bihuye n-ibi via ngombwa:

- Musi y-ibice 35% vy-amavuta ari mu bifungurwa
- Musi y-ibice 10% vy-amavuta n-ibinure
- Grama 0 y-amavuta yo mu mfungurwa
- Ibice 35% vy-isukari ugereranje n-uko imfumgurwa zingana
- Ndemambaraga zitarenze 200 ku gipimo c-ingaburo
- Grama 230 z-umunyu ku gipimo c-ingaburo
- Ibinyobwa vyose bigizwe na jusi, amata, canke amazi. Ibindi binyobwa nka biriya vy-abinonora imitsi nka za Gatorade ntituvyemera.

The Food and Nutrition Department is proud to offer breakfast and lunch to all students at no charge. In an effort to provide more nutritious foods, salad bar options are also offered at no cost to students. If parents wish to eat with their children they can purchase breakfast for \$2.00 or lunch for \$3.00, but must first check in with the front office as a visitor.

Ibifungurwa Bidasanze

Ku bana bakenera imfumgurwa zidasanzwe, ingaburo irashobora gusubirizwa n-iyindi ngaburo kugirango tubafashe mu bijanye n-amagara yabo nk-uko amategeko ya Intara, Igitata c-Uburimyi n-Ubworozi (itegeko 7 CFR 15b) ribisigura. Isubirizwa ry-ibifungurwa rishobora gufashishwa umwana uwo ari we wese afite ingorane z-amagara canke asesererwa n-ivyo aba yariye. Ico dusaba umuvyeyi n-uko yokwuzuza impapuro zo gusabira umwana ngo ahindurirwe imfumgurwa. Ikindi asabwa ni ukubonana na Muganga kugirango amuhe ivyangombwa vyerekana ko umwana yogaburirwa ibifungurwa bitamugwaza.

[Food Allergy Action Plan link](#)

IBIMENYESHEJWE MURI RUSANGI

Insiguro y-Ibimenyeshejwe

Akarere ka Glendale yarashizeho ibigomba gukorwa kugirango ibantu byose bigende neza mu mashure ku musi ku musi mu kazi kose. Iki gice lero kirasiura neza ivyangombwa dukeneye kumenya neza.

Uburenganzira bw-Umuvyeyi/Umarezi

Mu gihe uburenazira ku mwana canke kumusanga kw-ishure byenda gutera ingorane, amashure yisunga ingingo zafashwe n-urukiko ziba ziri muri dosiye y-umunyeshure. Abavyeyi basangiye uburenganzira ku mwana nibo bategerezwa gushikiriza ishure ivyangombwa vyavuye mu rukiko bikabaha uburenganzira ku mwana. Impapuro zigiza umuvyeyi kure y-umwana ziva mu rukiko gusa. Amashure Abanza ya Glendale arafite ububasha bwo kwimana umwana canke ivyangombwa vyiwe kugeza iyo ngorane ivuye mu nzira.

Imisi Abana Bataha Kare

Imisi abanyeshure bataha kare ni wo mwanya abigisha baba baronse wo guhugurwa. Amashure Abanza ya Glendale aremeza neza ko ingendo yo kwigisha abanyeshure neza bakaba incabwenge ari uguha abigisha umwanya wo guhugurwa. Gutaha kare mu mashure yacu kenshi ni ku musi wa gatatu. Vyiza lero mwobaza ishure urutonde rw-imisi abana bataha kare.

Ibikorwa Ngororera-mashure

Amashure yaratunganije ibikorwa atari mu masaha y-ishure bikaba bifite intumbero yo gufasha abana bari mu mashure abanza. Ivyo bikorwa biratandukanye ku ishure rimwe rimwe, ariko vyinshi ni ibirimo ikinamico, urubugu, ukumenyesha amakuru, amaklabu, intwaro y-abanyeshure, hamwe n-inonoramitsi. Abanyeshure bose bitwara nabi bagateza ibibazo mw-ishure bashobora kutemererwa muri ivyo bikorwa ngororerAmashure kugeza bahinduye ingendo. Abanyeshure bo mu wa 6, wa 7 na 8 basabwa kugumana amanota meza hakurikijwe ingingo JJ.

Asiranse Nkingiramagara

Abavyeyi bose basabwe kugura asiranse ikingira umwana canke bakoreshe asiranse isanzwe ikingira umwana. Kugira vyorohe kandi mwikingire, murashobora kugura asiranse mu biro vy-Akarere. Ishure rizabohereza ikete ririmo insiguro irambuye. (Mwosaba iryo kete mu biro vy-ishure)

Kutavangura

Nta muntu n-umwe afite ico asana n-Amashure Abanza ya Glendale, yaba umunyeshure, umukozi, canke umugiraneza, yokora ivangura rifatiye ku gitsina, amashengero, urukoba, inyifato-gitsina, canke ubumuga, kugirango akumire uwo ari we wese mu buzima bw-ishure, ibikorwa vyo ku ishure canke ama programa yose yo mu mashure.

Umutungo w-Ishure n-uw-Abanyeshure

Imeza, ibitabo vy-Ishure, ibikoresho mbikabuhanga ni umutungo w-ishure, kandi umwanya wose biguma mu minwe y-Akarere ka Glendale. Ariko lero abanyeshure basabwe kwitwara neza bakwubahiriza umutungo w-ishure, intebi n-imeza, ibitabo n-ibindi bikoresho vyose mu kigo c-shure. Ishure rirafite uburenhanzia bwo gusaka intebi, imeza, amasaho y-ishure n-ay-ibitabo, umwanya uwo ariwo woe kandi bidasavye ko umunyeshure agomba kuvyemera. Abavyeyi bagomba kwishura ibizaba byangiritse kubera abana babo.

Gusaba Ivyangombwa vy-Umunyeshure

Ukeneye ivyangombwa vy-umunyeshure, usabwa kwuzuza Urupapuro rwo Gusaba Ivyangombwa ruri kuri uru rubuga <https://portals.student records> canke ukarutora ku Biro vy-Akarere ka Glendale canke mukagera kuri 7301 N 58th Ave mwibangikanije indangamuntu. Ababa kure nabo mwokoresha fax mukarungika indangamuntu hamwe n-urupapuro rwo gusaba. Mushobora guhamagara kuri 623-237-7276 mugasobanuza.

Kunywa Itabi Birabujijwe n-Amategeko

Kugira ngo dukingire amagara y-abantu kandi duhe abana urugero rwiza, kunywera itabi ku ishure canke mu bibanza vyose vy-ikigo c-ishure *birabujijwe*. Abavyeyi n-abandi batemberera ku kigo c-ishure basabwa kutanywa itabi, guhekenya ubugoro, canke kunywesha itabi ivyuma haba ku ishure canke mu kigo c-ishure, canke mu gihe abana n-abigisha bagiye kwigira ahandi.

Gusura Ikigo c-Ishure

Abo bose bazaza ku ishure ku mpavu izo ari zo zose basabwe guca mu biro vy-Ishure bakiyandika mu gitabo mbere y-uko babaha ikarata ndangabashitsi. Abaje ku ishure bagomba kuerekana indangamuntu. Kubera impamvu z-umutekano w-abanyeshure, ni ngombwa ngo tumenyewe uwo wese yinjiye mu kigo c-ishure, twongere twubahirize akazi k-Ishure (Ingingo Nyobozi KI na KI-RA). Kwinjira mu ishure bariko barigiramo canke mu bindi bikorwa bibera kw-ishure vyemerwa n-Umuyobozi w-Ishure.

Abavyeyi n-incuti z-umunyeshure barashobora gutembera ku ishure no mw-ishure. Mu gihe bari mu ishure basabwe kwubahiriza igikorwa ca Mwigisha ku neza y-abana bose, kuko ata mwanya azaba abafitiye ko aganira nabo. Abavyeyi basavye kubonana n-umwigisha, umwigisha azoheza abashakire umwanya. Iyo ikigo co hanze gisavye kuza kureba ingene umwana yiga, umuvyeyi/umurezi niwe agomba kubisaba umwigisha n-umuyobozi w-ishure imbere y-igihe. Abatembereye ishure bagomba kwitwara neza kandi bikwije mu gihe bari mu kigo c-ishure canke baje mu bikorwa vy-ishure.

AYANDI MAPROGRAMA N-IBIKORWA MU MASHURE

Ibindi Bikorwa n-Izindi Programa mu Karere

Akarere k-Amashure matomato muri Glendale kariyemeje kugwiza ibikorwa n-izindi programa zo gufasha abavyeyi n-abayeshure mu vyo bakeneye. Insiguro yavyo iri hano hakurikira.

Ubuzima bwimyitwarire yoherejwe mu bindi bigo

Buri mwaka, mu gihe abanyeshure biyandikisha, abavyeyi bazoba bafise uburyo bwo guhitamo amashuri yitaho ubuzima bw-imyitwarire. Ababyeyi bafite uburenganzira bwo kutemera iyo ishure riba ryabarungitse n-ubwo boba bakeneye ubufasha. Umunyeshuri wese cangwa umufatanyabikorwa wo mu Karere ka Glendale yemeye gufashwa agomba kuba afite uruhushya rwasinywe n-ababyeyi kugirango abakozi babone gutangaza amakuru hamwe n'abashinzwe ubuzima bwo mu mutwe bo hanze bitaho abanyeshuri. Ababyeyi barashobora guhakana uburenganzira bwabo igehe icyo aricyo cyose.

Programa y-Icongereza kuva K Kugeza 8

Akarere k-Amashure matomato ya Glendale gakoresha ibi bikurikira kugira ngo abanyeshure banonosore ururimi rw-Ikingereza:

- Progama yo Kunonosora Ikingereza y- amasaha 2 y-akarorero ni iyo kwigisha abanyeshure buri musi mu rurimi rw-Ikingereza mu rwego rw-abanonosoye Ikingereza. Abanyeshure biga muri iyi programa bose ni ababa baciga ikingereza.
- Programa yitwa DLI 50-50 yo ku bigo Horizon na William C. Jack bishimikiye kuri Indimi Nyabubiri z-Igisipanyoro. Iyo programa itegekanya iminota 90 y-ivyigwa rusangi n-iminota 30 y-ivyigwa ntego.

Programa Nyabubiri y-Indimi **ni** programa y-Abanyeshure baciga icongereza n-abakivuga. Igice c-umusi biga mu congereza, ikindi gice bakiga mu Gisipanyoro. Muri kino gige iyo programa igeze ku banyeshure batobato hamwe n-abo mu wa mbere. Bazogenda barongerako umwaka umwe umwe. Umwana yemerewe kwiga muri iyo programa arafise uburenganzira bwo kwiyandikisha aho ashaka hari mwen-ayo mashure.

Kwandikwa muri iyo Programa no Kuyitsinda

Mu kiringo co kwandikisha umwana, barabaza abavyeyi nimba mu rugo bavuga urundi rurimi. Ico gihe bahita basuzuma umwana mu rurimi rw-Ikingereza ngo barebe urwego ageza ho. Hano muri Arizona dukoresha ikizami citwa AZELLA Kugirango turebe nimba umunyeshure akwiye kwandikwa muri programa yo kunonosora Ikingereza. Abanyeshure baba babonye amanota ari musi y-urugero rukwiye bahita babashira muri iyo programa yo kwiga no kunonosora Ikingereza. Abanyeshure bose bazoba bagenyewe kunonosora Ikingereza, ni baba bari muri iyo programa canke abavyeyi babo barayibakuyemwo, **bazohabwa ikizamini buri mwaka** bakoresheje ca kibazo ca Reta citwa AZELLA kugira ngo turabe aho bageze mu kumenya ikingereza. Abanyeshure bazobona amanota ahagije bazahita babavana muri iyo programa. Mufite ibyo musiguza, murahamagara Ibiro Bijejwe Kunonosora Ikingereza kuri (623) 237-7171.

Ivyigwa (Nyuma y-Amasaha y-Ishure)

Kugirango bafashe abantu baba muri kano karere, amashure amwe amwe arafise umwanya wo gucunga abana imbere y-uko ivyigwa bitangura canke inyuma y-amasaha y-iyigwa. Abana bo kuva mu mwaka w-Integurirantango kugeza mu wa 6 baremerewe. Amafaranga abavyeyi batanga ashobora kutaba menshi, bamwe bamwe hari n-aho baronka imfashanyo bahawe n-Igisata Gifasha Kubaho Neza, DES. Inimero y-ibiro bikora ako kazi ni 623-237-7144.

Ikigo c-Ubufasha mu karere ka Glendale (SoCC)

Ikigo c-Ubufasha kiri kuri 7677 W Bethany Home Rd. Ico kigo ni ishure murikira-nkunga ryitaho kuvura mu karere ka Glendale rifatanije n-ababanyi mu karere. Iryo shure rizofasha mu bintu bitari bike rikitaho abanyeshure, abakozi, ingo hamwe n-abatuye mu karere bafite ibibazo vy-amagara, indangamutima no mu mutwe, canke ingorane zitandukanye. Iryo shure ni ihuriro abantu bazoba bahawe ikaze bakabarizamwo imfashanyo ngombwa kuri buri muntu. Ni ikigo ntunganiriza-baturage, cane cane kubatuye mu turere twa 85301, 85302, na 85303. Imiryango irashobora guhamagara (623) 237-4015 canke bakahishira kuva ku wambere kugeza ku wa gatanu saa mbili mu gitondo kugeza saa kumi n-imwe kugirango basobanuze ayandi makuru boba bakenye, kandi ikirangamisi c-ibikorwa kirategekanijwe ku mirongo mbikamakuru y-akarere ka Glendale.

Gufasha Abatagira Aho Baba

Abana bo mu gitamwaka hamwe n-abakwije imyaka yo gutonda ku ishure baba mu bibanza vya ba ntahonikora kubera bavuye mu nzu yabo, canke barahuye ivyaduka, barafite uburenganzira bwo gukingirwa n-itegeko ryo gufasha abo bana kuja muri programa yitwa McKinney-Vento. Ivyo bibanza ni:

- Mu nzu y-indaro, mu buraro burihwa, mu muduga canke mu kibanza c-icumbi
- Mu mianda
- Mu nzu bahevye, mu bikwegane, canke ibindi bibanza bitagenewe kubamwo
- Mu nzu z-abavandimwe canke inshuti kubera batagira iwabo canke badashobora kwibeshaho

Bumwe mu burenganzira ni nk-uba :

- Kwemererwa ishure ya Intara ku buntu kandi ibereye
- Kwandikwa mu ishure buno nyene, n-aho boba bakirondera ivyangombwa bisabwa
- Gutonda ishure mu gihe ishure rigishakisha ivyangombwa
- Kwemererwa mw-ishure riri hafi, canke gukomeza biga mw-ishure batanguriyemwo (ishure bigamwo bagifite iwabo), nimba arivyo abana bifusa kandi bikaba bishoboka. (Nimba Ibiro vy-Amashure Abanza bibaza ko ishure wahisemo atari ryiza, ivyo biro bahita bakwandikira impamvu bibaza ko ufite uburenganzira bwo gusabira abo bana ahandi bokwiga).
- Kubona imodoka ibashikana ku ishure bahora bigako ikanabatahana ariko wabisavye
- Kwigishwa no kuronka imfashanyo za programa zose zo mu mashure nk-uko abandi bana bose bazibona kandi barebye ivyo abana bakeneye

Ibiro bifasha abana batagira aho baba barashobora gufasha ingo n-abanyeshure babo gutahura neza ibijanye n-imfashanyo bashobora kubona. Mubikeneye mwohamagara kuri (623) 237-7144.

Programa y-Impunzi

Iyi programa ni iyo gutera inkunga impunzi kugira ngo bace ubwenge bongere bamenyere imibereho mu mashure yo muri Amerika: kwigisha abana nyuma y-amasaha y-ishure, Amashure yo mu kiruhuko co mu ci, program zigisha abavyeyi, gusigurira abavyeyi mu ndimi kavukire, gufasha abana kubona impuzu no kurangira impunzi iyo boja gusaba imfashanyo bakeneye. Musabwe guhamagara (623) 237-7162.

Ibiro Bifasha Imiryango Itishoboye

Ni Ibiro vya Intara ya Amerika bifasha Amashure yigamo abana b-imiryango ibona umushahala muto. Ivyo biro bitera inkunga Amashure abanza kwongereza imfashanyo kuri abo bana kugirango bageze mu bigero bazabe bari ku rwego rwo kwiga muri kaminuza no kubona akazi, bagere ku rugero rw-ivyo intara ya Arizona isaba mu buhanga. Baza umuyobozi canke raba umurongo mbikamakuru www.gesd40.org.

URUHARA RW-ABAVYEYI/ABAREZI MU MASHURE

Ijambo ry-Insobanuro

Amashure Abanza ya Glendale arizera neza ko abavyeyi/abarezi ari inkingi mu bijanye n-ubuhanga bw-abana mu mashure. Ibi bikurikira ni insiguro y-ingene abavyeyi/abarezi botera inkunga abana babo kugira babe abahanga mu mashure.

UKWITANGA: Programa y-Abagiraneza

Abavyeyi canke inshuti zabo basabwa kwuzuza impapuro zo gusaba gufasha. Izo mpapuro zitwa BRAVO kandi bakazitora mu biro vy-ishure canke mu biro vy-Akarere ka Glendale. Gufata ibikumu vy-abafasha ku buntu bikorwa umusi wa gatatu wambere mu kwezi kuva isaha zibiri n-igice kugeza samunani n-igice canke ku mubonano mu biro bikuru vy-Amashure Abanza ya Glendale. Mushobora kureba umurongo mbikamakuru www.gesd40.org mu gice ca “Community” na “Volunteers”, ikibano n-abagiraneza kugira ngo mubone imisi yo gufata ibikumu, canke mubaze mu biro vy-ishure. Abavyeyi basaba guherekeza abanyeshure, canke kurongoora umurwi w-abana, canke kujana nabo muri bisi y-ishure basabwe gushira akamenyetso ku gice c-impapuro zo gusaba citwa “Tier II”, kuko birafasha kumenya urwego rwo gufasha wahisemo be no kumenya ivyangombwa bisabwa mu kwemererwa gufasha abanyeshure. Kandi bisaba imisi myinshi. Ni co gituma ari ngombwa ngo mwuzuze impapuro zose mbere yo kuzisubiza mu biro vy-ishure canke mu biro bikuru vy-Amashure abanza, kugira ntibize bitinde. Hashize nk-imisi itanu canke icumi nyuma yo kwuzuza no gushikiriza izo mpapuro za BRAVO, abavyeyi murashobora kubaza ku ishure ko muri ku rutonde rw-abemerewe gufasha abana. Inshuti z-abavyeyi nabo bashobora kubaza ko bemerewe haheze ivy-umwero munani kugeza kuri cumi. Abashaka gufasha bagomba kuba bari ku rutonde rw-ibiro vy-Amashure abanza. Ubwo burenganzira bwo gufasha bumara imyaka itatu mber yo gusaba bushasha.

Guhanahana Amakuru

Ni ngirakamaro cane guhanahana amakuru ajanye n-abana bacumu mashure. Dufite uburyo bwinshi bwo guhana amakuru, urugero ni nka: imirongo nyumamakuru, telefone ariyo mvugirakure (ariko abigisha ntibitaba telefone mu masaha y-ivyigwa), ibinyamakuru vya buri kwezi, imirongo mbika makuru harimwo ni ibantu ngirakamaro nka www.gesd40.org, ababilete hamwe n-inama z-abavyeyi.

Ibigo Ntunganiriza-Miryango

Ikigo Ntunganiziriza-Miryango kiri ku kw-Ishure rijejwe kwitaho imiryango itishoboye iri kuri 7677 W Bethany Home Rd. Ibindi bigo nterankunga biri ku mashure abanza William C. Jack, Bicentennial Y-Amajepfo, Landmark, na Desert Garden. Ibigo byugururiwe imiryango iyo ari yo yose yo mu Karere ka Glendale. Amahugurwa atandukanye y-ababyeyi n-aho bashakira ubufasha birahari. Ivyo bigo bikoresha uburyo bwtanzwe n-ishirika ryitwa **First Things First** ritera inkunga cane cane abana bafite hagati y-imyaka 0 na 5 (0-5). Arikorero, imiryango irahawwe ikaze guterwa inkunga. ba Family Service barahari kugirango batange ubufasha. Ababyeyi barashobora kandi guhamagara (623) 237-7164 canke (623) 237-7364 kugirango ubone ibikoresho. Ikirangamisi c-inyigisho n'amasaha bizoba biri ku rubuga rw-akarere.

Inama z-Abahagarariye Akarere Glendale

Akarere k-Amashure matomato ya Glendale karongowe n-Umurwi Ndongozi w-abantu 5 batorwa n-ababa muri Glendale. Inama zisanzwe zikorwa ku musi wa Kabiri ugira kabiri mu kwezi isaha cumi n-imwe, canke rimwe rimwe iyo hari ibibazo bidasanzwe. Amanama yose atanganzwa mu kibanza nyamukuru camatangazo bakamanika impapuro zanditseko ibimenyeshejwe amasaha 24 imbere y- inama. Umuntu wese abishaka afite uburenganzira bwo kuza muri izo nama, akabaza ibibazo, canke akagira ico avuze. Umusiguzi mu rurimi rw-Igisipanyolo aba yategekanijwe. Turabatumiye mu nama z-Umurwi Ndongozi. Muzohamenyera vyisnshi kandi munadukebure.

Ibiro Bijejwe Indimi Zitandukanye

Abavyeyi badatahura Ikingereza barafite uburenganzira bwo gusaba umusiguzi mu rurimi rwabo kavukire kugirango batahure bongere baterere iviyunviro mu bijanye n-intambwe abana babo bari gutera mu ishure. Gusigurirwa mu rurimi kavukire mubibona ku buntu. Mukeneye umusiguzi musabwe gusaba ishure rikamubaronderera imbere y-igihe.

Impungenge z-Abavyeyi/Abarezi

Mu gukemura ibibazo abavyeyi/abarezi baba bafite, dushira imbere umwumvikano ku rwego rw-aho ikibazo caturutse turondera kubona ibisubizo ndetse tukanaha umwanya umukozi ngo asubize kuri ivyo bibazo. Hano musi dutanga insiguro y-intambwe dukora mu gukemura ibibazo:

1. Niba ibibazo bireba umwana, usabwe kwitura umwigisha mukabiganiraho. Inama z-abavyeyi n-abigisha ni imwe mu nzira zo gukemura ibibazo. Byinshi mu bibazo duhra navyo birakemurwa muri iyi nzira.
2. Niba ingorane zikomeje, usabwa guhita ubitura ubuyobozi bw-Ishure.
3. Umuyobozi w-Ishure adashoboye gukemura ikibazo, muca mwuzuza urupapuro rusigura ko mufite ikibazo (ikete KE-E rigenga Igisata Ndongora-Karere). Urwo rupapuro murusanga ku ishure, canke mu biro bijejwe abanyeshure muhamagaye (623) 237-7133.
4. Mushobora kwandikira Ibiro Bijejwe Abanyeshure. Imboneza nyenizina y-umukuru w-ishure canke userukira Ibiro Bijejwe Abanyeshure mu Biro Bikuru vy-Amashure Abanza ya Glendale abonye ko ari ikibazo gifashe ahita atangura itohoza mu ntumbero yo gutorera umuti burundu w-ikibazo kihari.
5. Umuyobozi w-Ishure canke Ibiro Bijejwe Abanyeshure azoheza asubize umuvyeyi amumenyesha ko ikibazo catohojwe kandi igisubizo categwe.
6. Niba ikibazo kitashoboye gukemurwa, Ibiro Bijejwe Abanyeshure bihita bishikiriza izo ngorane umufasha w-Umuyobozi mukuru ashinzwe Amagara Ndamutima n-Umutekano mu Mashure mu Karere ka Glendale mbere y-uko gishikirizwa uwo Muyobozi mukuru. Bibaye ngombwa ico kibazo gishobora guturwa Inama Mboneza y-Akarere.

Ikibazo cose gishikirijwe Umuyobozi Mukuru w-Akarere canke Inama Mboneza kitaciye mu nzego zo hasi gihita gisubizwa kwa Mwigisha canke Umuyobozi w-Ishure. Dukurikije izi ntambwe zo kwumvikana kandi tukabigendera, dushobora gufashanya kugira ngo mu mashure harangwe umwuka mwiza, hari mwo inyungu, kandi bigafasha umwana kwiga neza.

Uburenganzira bw-Abavyeyi Kumenya

Amashure Abanza ya Glendale afise abigisha beza bakorana n-umwana wawe. Abigisha bacu tubashakira muri programa ihugura abigisha muri Arizona no mu gihugu cyose. Abigisha bose ba Glendale bitabira amahugurwa ahoraho y-iterambere ry-umwuga kugirango bakomeze ubumenyi bwabo hamwe n-ubushobozi bwo gutegura no gutanga inyigisho nziza. Glendale irishimiye iterambere n-ingene abanyeshure batsinda, ivyo bikaba ari ivyerekana ko abigisha bacu bakunda umwuga wabo kandi bahuguwe cane. Nk-umubyeyi/Umurezi w-umunyeshuri mu Karere ka Glendale, ufite uburenganzira bwo kumenya impamyabumenyi abigisha b-umwana wawe bafite. Amategeko ya Leta Zunze Ubumwe araguha uburengazira bwo kubaza ibijanye n-abigisha b-umwana wawe, natwe tugategerezwa kuyaguha bitarinze gutinda mu gihe uyasavye.

Ufite uburenganzira bwo kubaza amakuru yerekana impamyabumenyi n-ibindi bijanye n-amashure buri mwigisha w'umwana wawe yize:

Nimba umwigisha w-umwana wawe ---

- afise impamyabushobozi yemewe na Leta hamwe n-uburenganzira bwo kwigisha ishure n-ivyigwa umwigisha agomba kwigisha;
- yigisha abirekuriwe na Leta kubera n-aho atoba akwije ibisabwa na Leta vyose kuberako Umwigisha yigisha hari ingorane canke ibihe bidasanze; kandi
- umwigisha afise impamyabumenyi y-amashure ariko arigisha.
- Nimba umwana yigishwa n-abafasha b'abigisha, hamwe n-ivyerekana impamyabumenyi zabo.

Akarere ka Glendale kishimiye ubuhanga bw-abayobozi, abigisha, n'abakozi bose kugirango duhore dutanga uburezi bwiza ku banyeshuri bacu bose. Ushaka kuronka amakuru kuri ibi tumaze gusobanura hano hejuru, ushobora guhamagara uhagarariye Igisata kijejwe abakozi kuri 623-237-7100.

Inama z-Abavyeyi n-Abigisha

Amashirahamwe y-abavyeyi n-abigisha arahambaye cane mu dero y-abana banyu. Baganiriramwo intumbero y-Amashure, ingorane zo mu mashure hamwe n-ingene abana banyu kwiga neza kurusha, mu rugo canke kw-ishure. Turabasabye dushimitse ko mwokwitabira ayo mashirahamwe y-Abigisha-n-Abavyeyi kuko nibwo buryo mumenza amakuru yo mu mashure mugakomeza ubucuti hagati y-Abakuze-n-Abana. Abavyeyi n-abigisha basabwa gukora inama nibura kabiri mu mwaka. Inama zisanze zitegekanywa buri gice c-umwaka, ariko murahawé ikaze igece cose mushaka kuganira n-abigisha ku bijanye n-ingene umwana ari kwiga neza. Mushobora gusaba umubonano n-umwigisha ku mwanya mwumvikanyeho, canke mugasaba ko umwigisha abahamagara. Musabwe kandi kumenyesha umwigisha mu gihe hogira ibibagora bihungabanya ingene unwana ari gukurikira canke ingene ari kwitwara mu ishure.

Amashirahamwe y-Abavyeyi n-Abigisha

Amashure yose afite amashirahamwe y-abavyeyi n-abigisha (urugero PTA, PTO, PTSA). Baganiriramwo vyose hamwe na Programa z-Amashure. Ayo mashirahamwe niyo atunganya ibikorwa bijejwe abagiraneza, amafaranga n-imanza. Tubasabye ko mwokwitabira ayo mashirahamwe y-Abigisha-n-Abavyeyi kuko nibwo buryo mumenza amakuru yo mw-ishure no gukomeza ubucuti hagati y-Abakuze-n-Abana.

Urubuga Murikira-Bavyeyi

Ababyeyi / abarezi barashobora gukurikirana ibikorwa, amanota, gutonda ishure, hamwe n-ibiranga abajejwe umwana, binyuze kuri uru rubuga mbika-makuru. Aya mikoro aragufasha kumenya no guhuza Abavyeyi n-abajejwe umwana buri munsi mu bijanye n-ibikorwa vy-umwana wawe. Iyo umuvyeeyi amaze gutanga ibimuranga, ashobora gufungura umurongo ugufasha kugera ku makuru y-umwana wawe.

Itegeko I Rigenga Uruhara rw-Ababyeyi/Abarezi

Amashure Abanza ya Glendale yipfuza kukorana n-abavyeyi kandi akabaha agaciro mu gukorana n-abakozi bose, abanyeshure, Abigisha n-abayobozi. Buri shure rizashyiraho gahunda yo guha Abavyeyi uburyo bwo kwifatanya n-abandi bavyeyi, abarimu, abanyeshuri n-abayobozi mu gutanga ibitekerezo. Iyo gahunda yerekana uburyo abavyeyi bazohabwa amakuru mu mwanya uhagije ku bijanye n-ihana-makuru, imyirondoro y-ivyo ishure rikora, amanita bazoba baronse bakoze ibizami, insobanuro z-ingene ivyigwa bitegekanijwe, uburyo n-umwanya bashobora kwitaba amanama, bakongera bakaronka inyishu z-ibibazo bazoba bashikirije kandi mu mwanya muto ushoboka.

INYIGISHO Z-ABANA ZIDASANZWE

Insiguro y-Amashure Adasanzwe

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale ryariyemeje kwigisha abana hakurikijwe inyigisho ibereye buri mwana. Ku banyeshure bamwe na bamwe, guterwa inkunga mu mashure birakenewe biciye mu ma programa n-ibikorwa vyagenewe mwen-ayo mashure. Iki gice lero gisigura ibijanye n-amaprogramma adasanzwe yo gutera inkunga abana baba babikeneye.

Abana Bagendana Ubumuga

Segisiyo 504 ni itegeko ryihaniiza ivangura rireba abantu bafite ubumuga mu maprogramma yose akoresha umutungo wa Intara. Iri tegeko rirasigura umuntu afise ubumuga uwo ari we: uwo wese afite ingorane zo mu mutwe canke ku mubiri zituma atishoboza ibikorwa vyose vya buri musi harimwo kwikorera ivyangombwa, gukoresha amaboko, kubona, kwumva, gufungura, gusinzira, kugendagenda, guhagarara, guterura, kwunama, kuvuga, guhema, kwiga, gusoma, kwiyumvira, kugira umwete, kuganira, be no gukora. Iri tegeko risaba Amashure kumenya abo banyeshure, kumenya neza aho bageza mu bushobozi bwabo, hanyuma bakabaha programa yo kubatera inkunga ku buntu iyo babonye ko babifitiye uburenganzira. Ibiro Bijejwe Ibikorwa NtunganirizAmashure vyarategekanje agatabo karimwo uburenganzira bw-abavyeyi. Mukeneye amakuru aramvuye ku bijanye n-iyi programa, mwohamagara Ibiro Bijejwe Ibikorwa NtunganirizAmashure ku murongo wa Telephone nimero (623) 237-7133.

Programa Ivuza Abana Bagendana Ubumuga

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale karahabwa uburyo bwo n-Ibiro Bijejwe kwitaho amagara y-abana bwo gufasha mu nteguro idasanzwe ya buri mwana akeneye guterwa inkunga biciye mu Biro Ntungamagara vya Arizona, AHCCCS. Urugero rw-ivyo ivyo biro bifashisha abana ni kumwigisha kuvuga, ubuzima bwa misis yose, gutwara umwana ku ishure, no kubona umuforoma.

Abavyeyi si ngombwa ngo biyandikishe muri rwa rwego rwa Reta rwitaho amagara y-abantu AHCCCS kugirango umwana bamutegurire inyigisho zimubereye kandi ku buntu, canke ngo basabe umuvyeyi kwitangira amadolari we nyene yo kwigisha umwana. Akarere k-Amashure karashobora kwishuza igisata ca Reta kijewje kuvuza umwana n-aho abavyeyi batoba bavyemeye ariko nta ngaruka na ntoyi bigira ku mwana canke ku muvyeyi wiwe. GUTanga uruhusha canke kwanka ni uburenganzira bw-umuvyeyi kandi umuvyeyi ashobora kwisubirako igihe cose abishakiye. Umuvyeyi aramutse ahakanye gutanga uruhusha ntibiheza ngo bisubire inyuma y-aho yankiye canke ngo birote imbere mu misi ikurikira igihe atanze canke ahakaniye uruhusha ({300.154}). Ni mwagira ivyo mubaza mwotera akamo Igisata c-Ivigwa Nterankunga mu Karere k-Amashure matomato yo muri Glendale ku nomero (623) 237-7148.

Imfashanyo y-Abana Bagendana Ubumuga

Amashure yo mu Karere arafise uburyo bwo gufashisha umwana ibimiranga mu gihe afise ingorane z-ubumuga bwo ku mubiri, mu mutwe, kutavuga ivyumvikana, guhababuka canke iyo atacyo yifasha. Niba umwana wawe yoba afise ingorane nk-izo, bibwire Umwigisha w-umwana wawe canke abakuru b-ishure. Abana bakivuka gushika ku kiburawaka, ishure riruzuza impapuro rikazirungikira ibiro vy-amashure Ntegurirantango. Ku bana bakivuka gushika mu myaka itatu, Ishure Ntegurirantango rizosuzuma umwana. Abana bazoba bari mu murwi wo gufashwa bazabona imfashanyo.

Ku bana bageze mu myaka y-amashure y-abana bakuze, Umwigisha araheza akuzuza impapuro zo gusuzuma umwana hatararenga imisi 45 kuva umwana yanditswe mw-ishure. Biramatse bigaragaye ko umwana afise ingorane, Ubuyobozi bw-ishure buzoca bufata ingingo zo gufasha uwo mwana. Umuvyeyi canke Umwigisha araheza agasaba Umurwi wo Kwhiweza Umwana (CST) gukomeza bihweza ingene umwana ameze muri uwo mwaka. Bibaye ngombwa, abavyeyi basabwa uruhusha ngo umwana asuzumwe. Umurwi w-Ishure hari mwo n-Umuvyeyi w-umwana barahenza bakihweza raporo y-umwana kugirango barabe ko ari mubakwiye imfashanyo.

Kwigisha Ku Buntu Abana Bafite Ubumuga

Amategeko arategekanya uburyo bwo kugirango ibisabwa bije mu ngiro. Ni wakenera gusobanuza, urahamagara kuri (623) 237-7148.

Nimba wibaza ko umwana wawe yoba akeneye imfashanyo idasanzwe kubera ubumuga bwo mu mubiri, bwo mu mutwe canke bwo guhamuka, uraheza rero ubiganire na Mwigisha wiwe canke Umuiyobozi w-Ishure. Ishure ryose riba rifise umurwi wihweza imfashanyo idasanzwe yihweza ivyo abanyeshure baba bakeneye, bagafasha umunyeshure bakanamuronderera abahinga b-ikibazo aba afise, be n-abigisha. Amaprogramma adasanzwe y-abana bafise ingorane ashobora kuba amashure yigenga, ibikoresho vya ngombwa kuri mwene abo bana hamwe n-ibindi bikorwa bifasha abo bana. Abana bafise ubumuga bukomeye cane barafise aho bigira hari ivyuma mu mashure. Amashure arongera agafasha abana baja mu mashure y-Abikorera utwabo hamwe n-amashulre ya za Paruwasi. Ni wakenera gusobanuza, urahamagara Umunyamabanga w-Ibiro bijejwe Amashure Y-Abagendana Ubumuga kuri (623) 237-7148.

Amashure y-Abana Barusha Abandi Ubwenge

Akarere ka Glendale karitaho gufasha abanyeshure kuba abanyabwenge uko bashoboye. Ni co gituma hariho amashure abana basumvy a bando ubwenge babigishiriza mwo. Ivyigwa muri ayo mashure biba bigoye kurusha ayandi mashure, hakurikijwe amategeko ya Arizona. Mufise ibibazo murhamagara ujejwe ivyo vyigwa mu biro bikuru vy-Akarere kuri (623) 237-7197. Canke muhamagare Umuyobozi w-Ishure canke Umwigisha w-umwana kw-ishure.

Kutavangura Abana Kuja Gutembera Bari Kwiga

Ikigabane ca 504 c-Itgeko Nterankunga hamwe n-ibigenga iryo tegeko kirabuza ko abana bafise ubumuga bakumirwa. Ibi bisigura y-uko Ishure ribwirizwa kwitaho abana bafise ubumuga nk-uko ryitaho abana basanzwe nta bumuga bafite. Ico kigabane ca 504 kirasigura neza ingene amashure agomba kwitaho abana bafise ubumuga. Ku murongo wa 34 CFR 104.34 w-ico kigabane 504, havuga ko kutavangura bisigura ko abana bafise ubumuga bagomba kwigishwa no gufashwa nk-abandi bose batagendana ubumuga. Mu vyo abo bana bafise ubumuga bagomba kubona hari mwo kwemeregw kuja gutembera aho bigira nk-abandi bana bose. Akarere k-Amashure ntigashobora kubuza canke kwankira umwana afise ubumuga kuronka ivyo vyose ishure riha abanda bana kishimikije ko umwana afise ubumuga adakwiye kuronka ivyo abanda bana badafise ubumuga baronka.

Akarere gasabwa kwitwararika ko abana bafise ubumuga baterwa inkunga muri ico cose abanda bana baronka, haba mu vyigwa vyo mw-ishure canke mu bindi bikorwa vyo ku ishure vyose, harimwo kurekurirwa kujana n-abandi bana gutembera, ku buryo ivyo vyose abanda bana babona nabo babibone atakuvangura biciye ku vyitwazo vy-uko abo bana bagendana ubumuga. Akarere kahgomba Gukora ibishoboka vyose kugirango korohereze abana bagendana ubumuga bibaye ngombwa bakabafashisha ibikoresho bakeneye kugirango biborohere kuba bari kumwe n-abandi bana haba mw-ishure risanzwe canke haba mu bindi bikorwa vyose abanyeshure bagiramwo uruhara rujanye no kwiga. Nta kintu na kimwe akarere kugira icitwazo co kudafasha abo bana. Ni mwaba hari ico musiguza, mwohamagara Umuyobozi ajejwe Abanyeshure n-Abavyeyi kuri 623-237-7133.

Programa z-Intango

Amaprogramma y-Intango ni ay-abana b-imyaka 3 kugeza 5 kw-Ishure Desert Garden. Programa z-ayo mashure zireba ingene umwana akura, kandi bakamenya ko abana bo muri iyo myaka baba bisangije ingene bakeneye kwitabwaho. Abakozi b-umutima, bitaho abana, kandi b-abahanga mu kwigisha abana nibo babarizwa mu mashure y-Intango mu Karere. Kugira mumenye izo programa, hamagara kuri:

Amashure Shingiro	(623) 486-9868
Ishure Desert Garden	(623) 237-5404
Abimukira	(623) 237-7162
Ibiro Nterankunga Mu mashure Shingiro	(623) 237-5404

INGESO Z-ABANYESHURE

Insiguro y-Ingeso z-Abanyeshure

Akarere k-Amashure Abanza ya Glendale karitayeho cane gufasha buri munyeshure kwiga mu mutekano no kwishimira ishure. Kubera izi mvo, Ibiro NserukirAkarere basabwa gusobanura inyifato nk-izo kugirango bazihanize bakoresheje ingingo zibereye n-ibihano bijanye n-inyifato mbi ya buri munyeshure kugira bifashe abanyeshure bose kwiga neza. Bitwara neza kandi mu mutekano kuri bose. Ibiro NserukirAkarere mu mashure abanza ya Glendale bahimiriza abakozi bose kugendera amategeko no kuyubahiriza buri gihe bibaye ngombwa kandi kuri bose kugirango Amashure agumane umwuka mwiza ufasha abana kwiga neza.

Dukurikije amategeko ya Arizona, Ibiro NserukirAkarere birafite uburenganzira bwo guha ububasha abayobozi b-Amashure guha igihano umunyeshure, mu gihe (1) umunyeshure ari mu kigo c-ishure, canke yitabiriye ibirori biri kubera muri ico kigo; (2)ari kugenda ku ishure canke avuyeyo canke aja/ava mu birori bihagarikiwe n-ishure; (3) ishure ryo mu kandi karere ryaramuhagaritse canke ryaramwirukanye kubera yakoze amakosa yo kutfitwara neza mu mwanya w-ibirori bihagarikiwe n-ako karere; (4) yakoze amakosa yo kwitwara nabi muzindi nyifato zijanye n-Amashure canke zibangamira umutekano w-Amashure ayo ay-ariyo yose; canke (5) yamennye ikigo c-ishure akiba mu gihe c-ubuuuhuko canke nyuma y-amasa ya y-ishure. Amategeko arabuza abanyeshure kugira inyifato yose yonona, ikabangamira inyigisho n-akazi mu mashure. Ibiro NserukirAkarere JIC zirihaniza ico cose kibangamira amagara canke umutekano w-abandi

Ibitegekanijwe mu Kwigisha Abana Bagoye

Iyo bigaragara ko umwana afite ibibazo vyo kwitwara neza canke afite ubumuga bwo kugorana bikabije bikaba bitamufasha kwitinda mu ishure asanzwe yigamwo, abayobozi b-ishure barafite gushakira umwana ikindi kibanza canke irindi shure bishimikije itegeko A.R. S.15-841 rya Intara ya Arizona.

Gukandamiza Abandi Banyeshure

Amashure y-Akarere ka Glendale aharanira guteza imbere indero izira agacinyizo canke igitsure ku munyshore wese. Akarere Ka Glendale karashizeho ibwirizwa yuko umuntu wese azoba yacinyijwe canke akabona ko hari uwo babikoreye, asabwe kubishikiriza abategetsi b-ishure, abakozi, abagiraneza canke abakozi. Amashure yarategekanirije uburyo abanyeshure abavyeyi n-abigisha bwo kumenyesha abategetsi uwakorewe agacinyizo kugirango batangure kubitohoza, bafate ingingo z-ibihano no kubihagarika kugirango ntibibandanye. (Ingingo za A.R.S. § 15-341). Ni vyaba biboneka ko ako gacinyizo gashobora canke gatuma umuntu akomereka canke ibantu bikononekara, ibihano bihambaye bica bifatwa hakurikijwe amategeko mpanavyaha ya Arizona (A.R.S. § 13-2911).

Umurwi Ndongozi w-AKare k-Amashure matomato (Itegeko Rigenga Abarongozi JICK-EB) baremeza neza ko ari uburenganzira bwa buri munyeshure kwiga neza mu mutekano ata wumurya umutima, canke ngo amuturubike. Umurwi Ndongonzi kandi uremeza neza ko ishure ritekanye rituma umunyeshure yiga neza akamenya, akaba umuhanga mu bwenge, kandi akongera agakurana umutima w-ubwira. Umurwi Ndongozi kandi uremera ko amashure akurikiza iyo migenzo myiza biheza bigafasha abanyeshure gutera imbere, bakingera bagakurana umutima wo gufasha abandi mu kibano iwabo. Kugira ngo amashure ashike ku vyo ubuyobozi bwemera, agacinyizo, kurya umutima abandi no kubaturubika birabujijwe.

Gucinyiza: agacinyizo ni mu gihe umunyeshure canke umurwi w-abanyeshure bifatiye mu gahanga uwundi munyeshure:

- A. biboneka ko ahakwa gukomereka canke bakamwononera ivyiwe
- B. bikaba bikomeye ku buryo abamuturubika bamuhigira, bagahakwa no kumubabaza ku mubiri no ku mutima
- C. bigashika kubera abamurya umutima bamurusha inguvu
- D. kandi bakaba bariko bararenga amategeko.

Kurya umutima umunyeshure canke umurwi w-abanyeshure birashobora kwibonekeza mu nyandiko, mu mvugo no mu ngiro, canke mu guturubika hanyuma bikiserura mu buryo bwinshi atari iburikira gusa:

- A. imvugo, inyandiko/ibicapo bityoza umuntu, kumwiba utwiwe, kumuzimba, kumwita amazina y-ibitutsi, canke kumwambika ibara babicishije ku bandi bantú canke mu vyuma ngurukana-makuru
- B. gukumira umuntu canke kumutera iceyi c-uko abandi bamwinuba
- C. kumusindira hari mwo kumusunagura, kumukubita, kumutera imigere, kumucira ko amate
- D. kumwononera utwiwe canke bakatumusahura.

Guturubika bakoresheje ivyuma ntumamakuru: Harimwo ibi bikurikira ariko si ibi gusa, gukoresha uburyo ubwo ari bwo bwose bwo mu vyuma nya none, ivyuma ngurukana-makuru harimwo n-intumamakuru ngendanwa, ivyuma mbikamakuru, imirwi ntumamakuru, ivyuma vyo kw-ishure, mu mirwi nsabikanya bumenyi, amazina, canke ibindi vyuma vyo mu mashure yo mu Karere, canke ivyuma bwite vy-umuntu.

Kuzigiriza umuntu: ni ingendo mbi y-umunyeshre canke akarwi k-abanyeshure itera ubwoba canke idahumuriza uwundi munyeshure canke umurwi w-abanyeshure. Ingendo mwen-ayo irimwo ariko si ibi gusa, gutukana, gusunagurana, gukumira, kwita umuntu amazina y-ibitutsi, kwegea umuntu atabishaka canke ukamuvugisha atabikeneye, mu mvugo canke mu nyandiko, mu gukoresha ibicapo n-amafoto. Kuzigiriza umuntu bishobora guca mu bwoko, mu madini, mu bitsina, mu migenzo kama, mu vyo umuntu atunze, ingene angana, ariko si ivyo gusa. Kuzigiriza umuntu bashobora kubikora imboanya canke bakabicisha mu vyuma.

Gutera ubwoba: bishobora kwibonekeza ku kugene umuntu vyamushegeshe, canke bikabonekera ku mubiri. Bashobora kandi kubikorera mu vyuma ntumamakuru kugira bababaze uwundi munyeshure canke umurwi w-abanyeshure.

Birabujijwe ko abanyeshure baturubika abandi canke ngo babaterer ubwoba, canke ngo babarye umutima, haba kw-ishure, aho bigira, aho bakinira, mu nyubakwa izo arizo zose z-ishure, mu miduga y-ishure, mu mwanya w-ibikorwa vy-ishure, ku bituro nya basis z-ishure, canke mu mwnaya wo gukoresha ivyuma ntumamakuru vy-ishure, mu nama z-ishure canke mu rutonde ntumamakete. Abarya umutima abandi bashobora gufatirwa ibihano ku vyo bazoba bakoze mu gihe bigize ingaruka mbi k-ubo babikoreye, zaba ku magara yiwe canke mu mutima, aho boba babikoreye hose, ku mashure, mu miduga y-ishure n-ibituro vyayo, mu bikorwa vy-ishure, canke bihanze umukozi wishure ariko aracungera umutekano. Abazoba bakoze ivyo bibi vyose bazoheza bashikirizwe abashinzwe kwubahiriza umutekano muri ako karere.

Abanyeshure bibaza ko bariko baracinyizwa, baribwa umutima canke baturubika, canke boba bazi uwundi munyeshure ariko arahohoterwa, boca babimenyesha umukozi uwoariwe wese kw-ishure canke mu biro bikuru vy-Akarere k-Amashure. Abakozi ko ku mashure basabwa kugumya mw-ibanga ivyo babariwe. Kwhora umunyeshure yavuze ko acinyizwa canke kwhora umukozi aba yaburiwe ko hari umunyeshure aribwa umutima, ntibashobora kuvyihanganira na gato, abao bakozi canke abanyeshure bihora baca bahabwa ibihano hakurikijwe amategeko agenga akarere. Abanyeshure nabo bacinyiza abandi bazohabwa ibihano, mbere no mw-ishure bahagarikwe canke birukanwe.

Uwo wese azotanga raporo y-ibinyoma akabigira abizi (turabiye kw-itegeko ry-Umugwi Nyobozi JICK) azohabwa igihano co guhagarikwa mw-ishure mbere bibaye ngombwa bamvirukane burundu. Mu gihe bizoba bigaragara ko ingingo ifatwa, hazokurikizwa amategeko agenga ibihano hano mu Karere.

Mu gihe Akarere k-Amashure gafise ivyemeza ko hari abanyeshure barenze amategeko bagatera ubwoba abandi, bakabacinyiza canke bakabaturubika, inyamiramabi nizo akarere kazokwikkorako.

Uburenganzira bw-Abanyeshure

Abanyeshure bagirizwa amakosa bagahabwa ibihano bashobora kwikora ku burenganzira bwabo:

- Kubarirwa amakosa bakoze, ibimenyetso bigaragaza amakosa yakozwe n-ibihano bihura n-amakosa hamwe n-inkurikizi y-ivyo vyose mu gihe basanze amakosa ari ay-ukuri

- Kwihiweza neza ivyo umunyeshure bamawagiriza bakamuha n-umwanya wo kwumvirizwa kandi yisigura ivyo bamwagiriza
- Gufatirwa ingingo zikwiranye n-amakosa yakozwe kandi zitabogamye
Ivyitonderwa: Amategeko ya Intara ya Amerika ntiyemerera Amashure kubwira abavyeyi b-abandi banyeshure izina ry-umunyeshure yakoze amakosa n-ibihano yahawe.

Ivyuma Mbikabumenyi

Ivyo bikoresho kenshi birashobora kubangamira ingene Amashure akora buri musi ndetse bikonona ingene abanyeshure biga. Ivyo bikoresho mpamyabuhanga bri mwo ibi bikurikira (ariko si ibi gusa): telefone ngendanwa, ngendanwa mbikamakuru, ivuma mvugisha/mboneshamakuru, amasaha mpamyabuhanga n-imashini ntunganyankino. Umunyeshure afite uburenganzira bwo kugira mwene ivyo vyuma mu kigo c-ishure mu mwanya amasomo yarangiye canke mu gihe c-ibindi bikorwa vy-ishure, ariko mu mwanya wamasaha y-ishure no mu miduga yunguruza abanyeshure ivyo vyuma bigomba kuba bizimije kandi bitagaragara ngo abandi banyeshure babibone.

Umunyeshure azorengaaya mategeko azoheza ahabwe ibihano bijanye n-icaha azoba yakoze. Iyo telefone ngendanwa canke ivyo bindi vyuma abikoresheje mu gusamaza abandi banyeshure tuzoca tubimwaka. Abakozi b-ishure bazobifata babishireko ikimenyetso cerekana bene vyo hanyuma babibike.

Ari ubwa mbere – bazobimusubiza uwo musi amasaha y-ishue arangiye.

Iyindi misi – abavyeyi canke abarezi bonyene nibo bazoza ku ishure kuvyitorera. Ivyuma bene vyo batazotora mu misi 10 kuva amashure arangiye bazobigabira amashirahamwe y-abagiraneza.

Abanyeshure bose baaba bari gukoresha ibi vyuma mpamyabuhanga mu bryo butari nyabwo canke bakanka kubiha abakozi b-ishure mu gihe babbatse ntibazongera kubona uburenganzira bwo kubizana ku ishure kugeza umwaka w-ishure urangiye. Gukoresha ibi vyuma nabi bisigura ibi bikurikira ariko si ibi gusa:

- Kuringika inyandiko zirimo ibitutsi, ibiterasoni, ibitera uwoba abandi canke bibahigira
- Kwiba ibibazo
- Kwerekana amafoto n-amasanamu arimo ibiterasoni
- Guhanahana amakuru n-imirwi canke abandi bantu bo hanze kugira baze kurwana, kwihora, gukora ibintu bibi mu kigo c-ishure canke mu mwanya w-ibikorwa vy-ishure
- Nta burenganzira mufite gukoresha ivyo vyuma mu gufata amafoto, canke ama video ata ruhusha mwabanje gusaba
- Nta burenganzira mufite gukoresha ivyo vyuma mu gufata amafoto, canke ama video muri bisi y-ishure canke mu bindi bikorwa vy-ishure ata ruhusha mwabanje gusaba

Umunyeshure wese azofata video yo kurwana canke y-ibindi bintu vyose binyuranye n-amategeko hanyuma akayishira ku murongo mbikamakuru tuzomufata nk-ukwiragiza ikibi akanagishigikira hanyuma ahabwe ibihano bakwiranye. Umumyeshure wese agomba gucunga ivyuma mpamyabuhanga ngendanwa vyiwe. Amashure abanza muri Glendale ntashobora kwemanga ikintu na kimwe mu gihe ivyo vyuma ivyo ari vyo vyose baba bazanye mu kigo c-ishure vyibwe, vyatakaye, canke vyamenetse. Amashure abanza ya Glendale nta bubasha afite bwo gusaba indishi y-ivyo vyuma mu hihe vyoba vyazimiye canke vyamenetse.

Ivyokorwa iyo Umunyeshure Yarenganijwe

Kw-Itegeko Nyobozi (JII-EB) abanyeshure bashobora kwitwara ku bijanye n-ibi bikurikira:

- Guhonyanga uburenganzira abanyeshure bahabwa n-amategeko
- Kwankira umunyeshure ko yiyanidikisha mu bikorwa bijanye n-ishure kandi abifitiye uburenganzira nk-abandi banyeshure
- Kwankira umunyeshure uburenganzira bwiwe kubera impamvu zifatiye ku bwoko, urukoba, ishengero, igitsina, imyaka, amamuko, canke ubumuga ngendanwa
- Impungenge z-umutekano w-umunyeshure

Ibirego vyose bijanye n-ukurenganya, ugcucinyiza, uguhohotera umunyeshure bitemereza kwihiweza bakurikije itegeko JICK ry-Akarere. (Kubera ko ibibazo bimwe na bimwe usanga bitajanye n-indero y-umushure, umurwi Ndongozi w-akarere k-amashure yo muri Glendale baca bakoresha amategeko agenga

ibijanye n-ivyo bafitiye uburenganzira, ibindi navyo bakabirekera ababifitiye ububasha.) Ingingo rero zikurikizwa ni izi:

- Ukwitwara bisaba ko umunyeshure abikora mu misi itarenze 30 kuva igihe umunyeshure amenyeye ko yarenganjwe/canke ko ashobora kwitwara
- Ukwitwara bizoshikirizwa umuyobozi w-Ishure canke umukozi w-Ishure abifitiye ububasha
- Nyene guturwa ibirego aca yegeyanja ibirego kugira avyandike ku rupapuro rugenewe ibirego
- Ibirego vyose bavyandika ku mpapuro zibigenewe kandi ikirego kimwe kimwe kigasobanurwa neza nk-uko Umukuru w-Akarere yabitegekanije (impapuro zandikwako ibirego ziri mu biro vy-ishure)
- Umuntu wewe ashikirijwe ibirego ategerezwa kubigumiza mw-ibanga, akabishikiriza gusa umukuru w-Ishure canke uwumukurira mu burongozi canke bagashikiriza ibirego bisunze uko amategeko abisaba.
- Itohoza rimase kurangira, uko ikivuyemo cose kizaba kimeze, umukuru w-Ishure canke intumwa yiwe araheza akabonana n-umunyeshure azaba yitwaye avuga ko yahohotewe, canke ko yacinyijwe canke ko bamuriye umutima bamutera ubwoba kugira barebe hamwe ivyavuye mu matohoza. Ikindi n-uko abavyeyi canke abarezi b-uwo munyeshure bazaheza bakabamenyesha ivyavuye mu matohoza.

Umukuru w-Akarere ni we wenyene afise uburenganzira bwo kwemeza ko ibirego biri mu vyo akarere gafitiye uburenganzira bwo gutorera umuti. Umunyeshure canke umuvyeyi/Umurezi barafise uburenganzira bwo gushikiriza ibirego bakoresheje urupapuro JII-EA. Abitwaye barafise uburenganzira bwo guheba ibirego igihe cose babishatse. Mu gihe ibirego babihevye, ntibaheza ngo basubire kubishikiriza ikiringo c-imisi 30 kimaze kurenga kuva ivyo bitwarira bibaye. Ibirego bidafise ishingiro canke ikivyemeza ntibiharurwa. Kwhora canke gutera ubwoba umunyeshure kubera yitwaye, canke kubera umunyeshure yabaye icabona c-uwitwaye, canke yafashije mu buryo ubwo ari bwo bwose mu matohoza y-ibirego vyashikirijwe ubwa mbere, haca hugururwa irindi tohoza ku bihoye hakurikijwe amategeko yo mu Karere k-Amashure.

Umunyeshure azoramuka yitwaye ku bantu bidafise ishingiro canke ku binyoma azohabwa igihano co guhagarikwa canke kwirukanwa. Mu gihe umunyeshure afatiwe ibihano, amategeko y-Akarere k-Amashure niyo aheza agakurikizwa.

Mu gihe abakuru b-Akarere basanze ibirego ari ivy-ukuri canke bafise ivyemeza ko ibirego vyerekana ko bene kwitwarirwa barenze amategeko, abakuru b-Akarere baca babimenesha abashinzwe umutekano.

Ibihano Bihabwa Umunyeshure Yitwaye Nabi

Urutonde rw-ingene umunyeshure ahanwa dukuriki ivyaha bimwagira ni uru rukurikira, ariko ibihano ntibigarukira aha:

- Userukira Ishure (canke abigisha, abahanuzi) arashobora gukebura umunyeshure ku nyifato nziza
- Umuyobozi ashobora guhanura umunyeshuli
- Abavyeyi baganira n-abayobozi kuri telefone, ikete, kuri ngurukana makuru, amaso mu yandi
- Gukura umunyeshure mw-ishure vy-agateganyo
- Igihano co kw-ishure (imber, inyuma y-amasaha y-ivyigwa canke mu mwanya wo gufungura) biturutse ku mpamvu zigaragara
- Gutegekanya igihano kijanye n-icaha cakozwe. Bivuga ko umukuru w-ikigo araraba igihano gikwiranye n-icaha cakozwe canke akima umunyeshure uburenganzira yari afite kubera yakosheje.
- Guhagarikwa kugendera muri bisi y-ishure (Raba mu gice co kwunguruza abanyeshure i page ya 28)
- Umunyeshure aguma kw-ishure ariko bakamukura mw-isomero, bakurikije ibihano, bakamucungisha umukozi wo kw-ishure. Umumyeshure baca bamuka ivyo akorera aho bamurindirije.
- Umunyeshure arirukanwa kw-ishure imisi iri hagati ya 1 na 10 hakurikijwe amategeko hanyuma abavyeyi bakaba ari bo baheza bakamwishinga.

- Umukuru w-Ishure canke umusubirizi wiwe arafise uburenganzira bwo gutanga igihano c-imisi itarenze 10 hakurikijwe amategeko; inama Nyobozi y-Akarere canke Amategeko y-Intara ya Arizona JKD ntaco babivugako (igihano nk-ico ni ntasubirwamwo)
- Umunyeshure aramutse ahawé igihano co kwirukanwa vy-agateganyo ntashobora kugaruka kwishure canke ngo yegere aho ibikorwa vy-Akarere ivyo ari vyo vyose biriko birabera. Agarutse baca bamwitwarira nk-inkozi y-ikibi kandi yarenze akarimbi.
- Igihano kirekire bisigura ko ari ukwirukanwa (imisi 10 canke irenga) umuyobozi w-ishure aca abimenyesha Umukuru w-Akarere k-Amashure Abanza.
 - uwo mukuru w-Akarere canke intumwa yiwe nawe akabanza akiga ico kibazo. Bibaye ngombwa akagitura Umurwi Nserukira Karere ngo bagene umunyamategeko wo kwicarira ico kibazo
 - mu kiringo igihano co kwirukanwa kimara, umunyeshure yirikanywe nta burenganzira afise bwo kugaruka mw-ishure na rimwe ryo mu Karere ka Glendale. Agarutse baca bamwitwarira nk-inkozi y-ikibi kandi yarenze akarimbi.
- Kwirukanwa burundi: umunyeshure ntiyemerewe kugaruka mu mashure mato ya Glendale

Abanyeshure bo mu Gitamwaka kugeza mu wa Kane Birukanywe canke Bahagaritswe

Kwirukana canke guhagarika abanyeshure bo mu Gitamwaka gushika mu wa kane bitegeretswa kugengwa n-itegeko A.R.S. 15-843, mu gace karyo K.

Guhagarika – Kwirukana Abagendana Ubumuga

Abanyeshure bari mu mugambi 504 canke baterwa inkunga bategerezwa gukurikiza amategeko y-Amashure nl-abandi bose. Barenze amategeko, ingene bahagarikwa canke birukanwa vyisunga amategekoya Intara ya Arizona n-intambwe zisiguwe mu cegeranyo citwa IDEA.

Itegeko IX ryihanza ivangura-bitsina

Iri tegeko rigenga uburenganzira mu mashure aronka imfashanyo ya Leta Zunze Ubumwe. Rikingira abanyeshure mu burenganzira bwo kudakumirwa mu mashure ya Leta. Ni mwashaka insiguro y-iri tegeko n-ingene mushobora kurikoresha, mubisanga ku rubuga rw-Akarere k-Amashure ya Glendale. Ibirego vyose mugomba kuvyerekeza Ku Muyobozi w-Itegeko IX kuri Telephone (623) 237-7170 canke ku ntumamakuru [TitleIX@gesd40.org](mailto>TitleIX@gesd40.org).

UBUGABA N-IBIHANO BITEGEKANIJWE

Ivyaha n-Insiguro uko bisiguye bakurikije insiguro “AzSAFE	
ICAHÀ	INSIGURO
Gusindira umuntu	Ni ugukoresha ikirwanisho canke icuma gikomeretsa nk-uko amategeko avyyiamiriza (<i>Ref. A.R.S. 13-1204</i>)
Kurenga amategeko agenga inzoga	Gukora, kugurisha, kugura, gutwara no gutunga canke kunywa ibinyobwa nyayuramatwe canke ibindi bintu nka vyo; aha haromwo kuborerwa mu kigo c-ishure, mu bikorwa vy-ishure canke mu miduga y-ishure (<i>Biri mw-itegeko JIC</i>).
Kwibisha ibirwanisho	Umuntu yitwa ko yivye akoresheje ikirwanisho mu gihe co mukwiba uwo muntu canke uwo bafashanije: 1. Yakoreshe ikirwanisho cica canke gisa n-ikirwanisho cica; 2. Akoresheje canke ahiga gukoresha ikrwanisho cica canke gisa n-ikirwanisho cica (<i>Biri mw-itegeko A.R.S. 13-1904</i>)
Guturira inzu canke ikigo	Gusambura inzu canke kwonona ikigo n-ibigirankana kandi ukarenga amategeko uyazi mu gukoresha umuriro canke ibi ciramuriro (<i>Ref. A.R.S. 13-1703</i>).
Guturira inzu irimwo abantu	Gusambura inzu canke kwonona ikigo n-ibigirankana kandi ukarenga amategeko uyazi mu gukoresha umuriro canke ibi ciramuriro (<i>Ref. A.R.S. 13-1704 & A.R.S. 13-1701</i>)
Gusindira umuntu	Gukomeretsa umuntu n-ibigirankana, kumukomeretsa, kumutuka, kumusomborotsa canke kumubabaza. (<i>Ref. A.R.S. 13-1203</i>)

Iterabwoba ukoreshheje Karahabutaka	Guhigira umuntu ko umutera canke ukamukomeretsa ukoreshheje ibiciramuriro. (Biri mw-itegeko JK – EE)
Kunokeza abandi	Kunokeza ni mu gihe abanyeshure bisubiriza mu gucinyiza abandi kugirango babereke ko babarusha inguvu. Gucinyiza abandi bikorwa kwinshi (urugero ni nko guhigira abandi, kubakubita, kubasunagura, kubavuma, kubiba ivyabo); canke mu mvugo (gutera ubwoba, kumaramaza umuntu, kumwifatira mu gahanga, kumwita ibitutsi) canke gutesha umutwe umuntu (kumukumira, kumwararaza, kumuca mu bandi).
Gusahura no kumena ukinjira	Kumena ikigo c-ishure kanyuma ukinjira (<i>Ref. A.R.S. 13-1506, A.R.S.13-1507, & A.R.S. 13-1508</i>)
Kwitwara nabi muri bisi	Kutubahirirza amategeko n-ingingo zo kwitwara neza muri bisi z-ishure (<i>Itegeko JK-R</i>)
Kwiba ibibazo	Kwiba ikibazo ukoreshheje ibikoresho bitemewe canke ugaha abandi ibikoresho vyo kwiba ibibazo (<i>Biri mw-itegeko JK-R</i>)
Iterabwoba rikoreshwa ubumara	Gutera ubwoba canke kwonona ukoreshheje ibantu birmwo ubumara (<i>Itegeko A.R.S. 13-2911 Igice ca J.3</i>)
Ibantu biturira	Abanyeshure bose baba bafite ibikoresho bicira umuriro bishobora gukoeretsa umuntu canke bigasambura inyubakwa, urugero imyampi y-ikibiriti, ibibiriti, uduti tubika umuriro, ibitoro.
Ibikoresho bitemewe	Ni ivyo vyose bitarekuwe kubera bishobora kuba intambamyi mu gishe c-ivyigwa.
Ibikoresho bidahumuriza	Ni ibikoresho uko bikoreshejwe mu ntumbero yo kwica umuntu canke kumukomeretsa vyo gupfa (urugero ni ibikiniso bikora nk-umbunda, ibisu bifise ubugi buri musi ya sentimetero 6 n-igice. Ivyuma bitera umuravyo, ibisu vyugurura amakete, ubuhiri, imashini itera irangi, imashini itera amabuye, inzembe n-imbugita zikata ibikarato, ibindi bikoresho vyose vyica canke bigasinzikaza (<i>Ref. A.R.S. 13-105.11</i>)
Gusuzugura, kugabira no kutumvira abategetsi, kudakurikiza amategeko	Umunyeshula aranka kubwirwa ntakurikize amategeko, wavuga akavuga, canke akishurana imirarwe n-agasuzuguro. (<i>Itegeko JK-EE</i>)
Inyifato ihungabanya	Ni ivyo vyose bituma ivyigwa n-akazi ku mashure bihungabana (<i>Ref. A.R.S. 13-2904</i>)
Guhungabanya umutekan	Gutuma amasomo n-akazi k-ishure bihagarara. Guhungabanya biri mwo kuvugira hejuru, kuvuza urwamo, gukoma induru; kujezeza ibantu; gusunagurana canke guceragura; canke kuva mu ntebe yawe wiyanagaza ku bandi.
Kutubahiriza ivyambarwa	Kudakurikiza amategeko agenga inyambarwa y-ishure.
Ibiayuramutwe	Gukora, kugurisha, kugura, gutwara no gutunga canke kunywa ibinyobwa nyayuramutwe canke ibindi bintu bikora nk-ibiyayuramutwe canke gutunga ibikoresho bikora ivyo biyayuramutwe. Harimwo kuborrrwa uri kw-ishure canke mu gihe c-ibikorwa vy-ishure, no mu miduga y-ishure. Ivyo biyayuramutwe ni nk-imiti, n-ibindi bikoramwo ibifukero. Aha itabi n-inzoga ntibirimwo. “Ibiayuramutwe” bivuga, ibiboreza bwenge, urumogi, n-ibindi bisa bisana n-urumogi canke ivyo vyose bituma umuntu ata umutwe kubera yabinyoye. Bigurira mu masoko y-imiti canke ikaba imiti yandikwa n-abaganga (<i>Ref. A.R.S. 13-3415</i>). “Drug paraphernalia” ni ivyo vyose muri rusangi bisigura ivyuma vyose, ibikoresho vyose, imiti, bakoresha canke baba bafitiye imigambi o gukoresha, canke vyagenewe gukoreshwa, mu kworora, gutera, gusarura, guhingura, kubika, guhindura, gutegura, gupima, kwhweza, gutekera no gutekurura mu ntumbero yo kubika neza ngo ntivyononekare, kwitera mu mitsi, kumira, guhumeka, canke kwinjiza mu mubiri w-umuntu mu buryo ubwo ari bwo bwose mu kurenga iri tegeko (<i>Ref. A.R.S. 13-3415 F. 1</i>).
Guta mu kaga	Ni ivyo vyose bishobora guta mu kaga abandi kubera urwangara hanyuma abandi bagahakwa gukomereka canke bagasinzikara (<i>A.R.S.13-1201</i>)
Kunyanganya umuntu	Kubikora ubizi kandi n-ibigirankana ku nyungu yawe mu kuronka ibantu canke ivyo bagufasha ukoreshheje iterabwoba (<i>Ref. A.R.S. 13-1804</i>)
Kurwana	Kugira uruhara muri ico cose kirimwo ivyo kurwana, ariko ata wakomeretse cane; kuko gutukana ari ururimi gusa ntiviyitwa ko ari ukurwana.
Gukinisha nzimyamuriro	Gusomborotsa ivyuma nzimyamuriro kandi ata muriro wadutse.
Ibirwanisho bicira umuriro	Ikirwanisho ico ari co cose kirimwo amasasu, caba kinini canke bimwe bitobito, canke ibindi birwanisho vyose bishobora canke vyakorewe kurasa amasasu bikoreshejwemwo

	ibiturika. Mu birwanisho bicira umuriro birya vyapfuye bitagikora ntibiharurwa mwo (<i>Ref. A.R.S. 13-3101</i>). <i>A.R.S. 13-3111</i>)
Magendo	Gufutanganya canke kwiba uburenganzira bwo guhingura ivyangombwa.
Akamari	Guteega canke kurushanywa mu guca amafaranga canke ikindi kintu cose gifise agaciro.
Guharagura no gucpa	Kwandika ku mpome, guharagura amajambo canke gucapura ibantu ukoresheje irangi, ikintu gisongoye ku mpome canke ahari hose mu bibanza nyarwinshi.
Kuzigiriza (bidaciye ku gitsina)	Bisigura gukomeza usorogera umuntu. Ibi bikaba biri mwo: <ul style="list-style-type: none"> • Gukoresha uburyo bwihihije mu kuvugisha umuntu mu nyandiko, mu vyuma nyabwonko, canke mu bicapo, mu masanamu canke amafoto, mu kuvuga, mu gukora, mu buryo bwo guhangga umuntu. • Gukurikirana umuntu mu bibanza nyarwinshi canke muri mwenyene kandi ata mpamu ifadika igutuma ugandanira uwo muntu (<i>Ref. A.R.S. 13-2921</i>)
Kumaramaza umuntu	Ikintu cose umunyeshure akoze n-ibigirankana, abizi canke kubera urwangara, ari wenyene canke ari mu murwi w-abandi, mu kumaramaza uwundi munyeshure, mu buryo bamukorera ibi bikurikira: <ul style="list-style-type: none"> • Ivyo vyose bakora mu ntumbero yo guha urwinjizo abandi kugirango bagire uruhara mu mirwi yabo baba barashinze, canke babinjize ku nguvu mu mashirahamwe bigiramwo ibantu n-ibindi • Urwo rwinjizo bene ba shobora gutuma umuntu akomereka agasinzikara, canke bikamutesha umutwe agahahamuka, canke bigatuma amaramara bikamutesha agaciro (<i>Ref. A.R.S. 15-2301</i>).
Kwica umuntu	Harimwo uruhara rwo kwica umuntu wabiteguye canke ukamwica ariko utari wateguye kumwica bivuye ku rwangara.
Imvugo itisoneye	Ni muhihe umunyeshure akoresha imvugo irimwo kurahira, kwita umuntu ibitutsi, canke gukoresha amajambo y-imvugo itabereye.
Kwiyandarika igitsina	Kwiyandarika werekana igitsina ukarenga itegeko <i>A.R.S. 13-1402 and A.R.S. 13-1403</i> .
Kunyuruza	Umuntu anyuruza abandi akabikora yabiteguye afise intumbero yo: 1. Kwhagira umuntu kugira umusabisha amafaranga, canke umugire igikingirizo; canke 2. Kunyuruza umuntu mu ntumbeor yo kumugira umuja wawe; canke 3. Kwica uwo muntu, kumukomeretsa ukamusinzikaza canke ukamufata ku nguvu; canke 4. Canke umunyeshure agafata uwundi munyeshure canke uwundi muntu akabazigiriza ku buryo baruhira gukomereka.
Gutoroka ishure ata burenganzira	Bivuga gutoroka uva kw-ishure ata burenganzira wahawе n-umuyobozi w-ishure canke uwagenywe kuyobora ishure.
Kubesha	Kuvuga ibinyoma mu ntumbero yo gushavuza umuntu canke guta mu rudubi umuntu ushaka kumujuragiza.
Ingendo yo gusinda	Bivuga ko umunyeshure aba yihaye ingendo yo gusinda agakoza ibiganza vyiwe ku wundi muntu ariko atari kurwana bigaragara. (<i>Itegeko JK-EE</i>).
Kurema uturwi two gukora ikibi	Uturwi tugizwe n-abantu 3 canke bareng: bagakumira abandi mubibanza; bitazire amazina; babe afite abo barwanya; kandi bagendere kurwanya imibereho ya bose. Utwourwi turangwa no gukoresha ibimenyetso vy-ibiganza, inyandiko ku mpome, hasi, bakiyambika ibimenyetso bikozwe mu vyuma, imigufu, ibisharizo bitandukanye vyerekana umurwi begukira (<i>Ref. Policy JICF and JICF-R</i>).
Irindi terabwoba	Ibi ntibishobora guharurwa muri ibi vyo hejuru.
Ibindi birwanisho	Ikintu cose gikoreshwa mu gukomeretsa umuntu, kumutera ubwoba, kumukankamira ngo ntatabaze. Ni nk-ibi bikurikira ariko si ibi gusa: ivyo bambara ku biganza bikaba bifise amasonga, amoko y-ibisu, inembo n-uduhiri tw-abagwanyi ba karate.
Kwiba ubumenyi	Kwiyitirira ibikorwa nyabwenge abandi baba bakoze ugasa n-aho ari rwawe.
Ireresi yerekana ibitsina	Gutunga, kwugurura, canke gukora amasanamu, amafoto canke ireresi yerekana ibitsina.
Kwerekana igishika mu bantu	Gufatana amaboko, gusomana, gukorana kubitsina, n-izindi nyifato zerekana igishika.
Kwijajara	Inyifato yo kwijajara canke urwangara vyotuma abandi bakomereka canke bikababangamira
Gusahura	Gukoresha inguvu canke iterabwoba mu kwiba canke mu kugerageza kwiba (<i>Ref. A.R.S. 13-1902 & A.R.S. 13-1904</i>)

Iterabwoba (gusambura, gukomeretsa) canke kwivanga, gutera akaguma mu kigo c-ishure	Iterabwoba ryose (mu mvugo, mu nyandiko no mu vyuma nyabwonko) kuri uwo wese ashaka guturitsa, guturira, canke kwankiriza ishure canke umutungo wa ryo, canke gukomeretsa abanyeshure n-abakozi. Gutera akaguma mu kigo c-ishure n-ibigirankana, babizi kandi babisshaka canke kwivanga mu kazi k-ikigo c-ishure bagahaharika ibikorwa muri ico kigo (Ref. A.R.S. 13-2911)
Gufata ku nguvu/ Gufata umwana canke ari musi y-imyaka	Umuntu yitwa ko aba yahuje ibitsina n-uwundi ku nguvu mu gihe abikoze abishaka n-ibigirankana k-umwana w-imyaka 15-canke umuntu akuze, bikitwa ko yamufashe ku nguvu mu gihe ari umwana ari musi y-imyaka 15-kandi yamukoze ku mabere gusa iyo ari umukobwa. Umuntu aba yafashe ku nguvu umwana atarashikana imyaka 18. Umuntu yitwa ko yahohoteye umwana abizi kandi abishaka mu kumwosha guhuza ibitsina, kiretse amukoze ku mabere gusa kandi ari umwana ari musi y-imyaka 15.
Kwonona umuntu	Umuntu aba yononye uwundi mu gihe abikora abishaka kandi abizi mu guhuza ibitsina n-uwo batavyumvikame.
Guhanga umuntu Ku gitsina ciwe	Guhanga umuntu kubera igtsina ciwe kandi atabishaka. Bishobora kuba ibi : kumusaba ibijanye n-igtsina, kumwumvisha ko ategerezwa, mu mvugo, no mu zindi nzira nko kumufata (Raba Umutwe wa IX w-Isibirwamwo ry-Itegeko ryo muri 1972)
Ibikoresho bis n-imbunda	Ibikoresho vyos bikozwe muri plastike, mu biti, mu vyuma, canke ivyo vyose bisusa navyo, ivyo bagereranije, canke bashushanje mu birwanisho nyenizina, canke ibindi bintu bifise ishushanyo y-igitu canke urutoke ariko bifukishije impuzu bigasa n-imbunda.
Gucerwa	Iyo umunyeshure yageze kw-ishure inyuma y-umwanya wo gutangura ivyigwa
Ubuhinga bwa none	Gukoresha nabi ibikoresho nyabwonko nk-uko bitegekanijwe mu mategeko agenga Ugukoresha Ivyuma Nyabwonk mu karere ka Glendale (Ref. Policy IJNDB)
Kwiba	Kwiba canke kugerageza kwiba amafaranga canke umutungo w-uwundi muntu canke umutungo w-ikigo c-ishure (Ref. A.R.S. 13-105.11 & A.R.S. 13-1802)
Guhigira canke kurya umutima umuntu	Mu gihe umuntu yerekanye mu mvugo canke mu ngiro ko ashaka kugirira nabi uwundi mu kumukomeretsa canke kwonona umutungo wiwe (Ref. A.R.S. 13-1202).
Kunywa itabi	Kugendana itabi, canke kurinywa, kurihererekanya hamwe n-ivyo vyose bisa n-itabi canke bikoreshwa nk-itabi mu kigo c-ishure canke mu mwanya w-ibikorwa vy-ishure, canke mu miduga y-ishure (Bisobanuwe mu gice A.R.S. 36-798.03 & A.R.S. 13-3622)
Kuvogera ikigo	Kwijira canke kuguma mu kigo c-ishure ya Intara canke ibiro nserukirAkarere ata burenganzira canke ubutumire ufise kandi ata mpamu zumvikana. Iri tegeko rirafata n-abanyeshure birukanywe canke bahagaritswe hamwe n-abantu binjira canke bakamuga muri ico kigo kandi babasavye kuhava. (Ref. A.R.S. 13-1503)
Guhunga ivyigwa (kw-ishure, canke hanze y-ikigo c-ishure)	Gusiba ivyigwa waba uri kw-ishure canke utigeze utonda ishure kandi ata ruhusha abavyeyi baguhaye ata n-ivyo bazi (Ref. A.R.S. 15-802 & A.R.S. 15-803). Gusiba ivyigwa ukongera ukanasamaza abigisha mu kazi kabu
Ibisibo bitemwe	Mu gihe umunyeshure yasivye umusi wose kandi adafise uruhusha
Kumenagura umutungo wawe bwite	Kumenagura canke gusibanganya n-impaka umutungo wawe bwite
Kumenagura umutungo w-ikigo c-ishure	Kumenagura canke gusibanganya n-impaka umutungo w-ikigo c-ishure
Imvugo isomborotsa	Gusomborotsa umuntu mu mvugo, mu bimenyetso bigatuma abandi bantu barwana.

INYAMBARO MU MASHURE

Insiguro y-Inyambaro mu Mashure

Akarere ka Glendale karemeza neza ko inyambaro ibereye yunganira ikibano ciza, abana bakiga neza, hanyuma igafasha abanyeshure kwitegurira ubuzima kandi bakiteza imbere bamaze kugera mu bigero.

Ivyambarwa Mperekeza

Ibitako birarekuwe mu mashure ariko ku rugero rukurikira:

Gutobora birekuwe ku matwi gusa. Gutobora ururimi birabujijwe. Amahereni agomba kuba ari ayasanzwe kandi mato. Ayandi yose musabwe kuyambura kw-ishure no mu bikorwa vyo kw-ishure. Amahereni yose agomba kuba yirabura, asa n-ivu canke n-urukoba kandi adafise ibisongoye kuri yo.

- Udukomu turarekuwe mu gihe ata bisogoye biri kuri two
- Inkofero n-amarori y-izuba arekuwe hanze gusa
- Utunyamutwe n-udufatamishatsi twose turabujijwe mu nyambaro y-abanyeshure.
- Imisipi bayambara mu bigombo vy-ipantalo canke ikabutura kandi ata bisongoye biyuzuyeko
- Ivyambarwa mperekeza bijanye n-amadini bishobora guhabwa uburenganzira

Inyambarwa zo Hasi

Abanyeshure barashobora kwambara amajinisi canke amapantalo asanzwe. Amabutura, amajipo n-amakanzu ntarekuwe kurenga hejuru y-amavi. Ni co kimwe n-ibisharizo biri hejuru y-amavi bikerekana umubiri. Amapantalo n-amabutura yambarirwa mu rukenyerero agasegurwa n-imisipi bibaye ngombwa. Inyambarwa zo musi harimwo udfatamaguru zigomba kuba zifutse. Amapantalo y-imipira ararekuwe ariko atari izo kuryamana.

Inyambarwa zo Hejuru

Abanyeshure bashobora kwambara imipira ariko y-ibifungo bibiri canke bitatu. Udupira tutagira igitogi ariyo kolo, tubonerana nk-urusenga rwo kuroba canke nk-akamwanya ntabwo ari inyambaro zibereye kw-ishure. Udupira twiza ni ututariko ibikurikira:

- Inyandiko canke amasanamu y-ibiterasoni
- Inyandiko canke amasanamu y-ibiyayuramutwe, inzoga canke itabi
- Ivyivugo n-amajambo yo gusiba abandi
- Amajambo ajanye n-urupfu, imirwi nkorabara, canke ukugumuka
- Inyambarwa zo musi zigomba kuba zifutse

Ibirato

Bifuka amano kandi bitaroka. Ibirato bashobora kubifungisha imigozi canke ibihomane. Amasandali, amakambambil, uturato two mu nzu canke udusumari turabujijwe.

Inyambarwa zirereta zirabujijwe. Inyambarwa zoba ku gipimo, atari nto canke binini. Izo hasi zambarirwa mu nda kandi ntizikubure hasi. Abanyeshure batazokurikiza inyambaro nziza bazohabwa ibihano bitegekanijwe ku rupapuro rwa 18

KWANDIKISHA UMUNYESHURE

Insiguro yo Kwandikisha Umunyeshure

Turanezerewe guha ikaze imiryango mu karere k-Amashure Abanza ka Glendale. Twariyemeje kwigisha abana mu buryo bwo kubacisha ubwenge kandi banezerewe. Muri kino gice muza gusangamwo ivyangombwa mu kwandikisha abana mu mashure.

Intambwe zo Kwandikwa

Mu kwandikisha umwana, tumbera mu biro vy-ishure umwana azokwigako. Nimba utazi neza ishure ribegereye, wohamagara ku nimero iri hano musi: (623) 237-7100. Mu kwandikisha umwana uzo wibangikanje:

- Icangombwa c-amavuka canke ivyemeza imyaka y-umwana, nk-ikete y-ibatisimu, ikarata y-Impunzi, igitabo c-inzira canke ikete risigura impamvu ivyo vyangombwa bidashobora kuboneka.
- Agatabo k-inkingo
- Aho yahora yiga (niba bikenewe)
- Icemeza ko muba mu karere ka Glendale; murusanga ku murongo mbika-makuru y-Intara ya Arizona mu Gisata C-Indero
- Imapuro zo mu rukiko (niba ari ngombwa)

Mu kwandikwa mu gitamwaka, **abana bagomba kuba barakwije imyaka 5 imbere y-itariki 1 y-ukwa 9** muri uyo mwaka. Abana bazoba barakwije imyaka 6 imbere y-itariki 1 y-ukwa 9 canke bafise ivyemeza ko barangije igitamwaka bahita bandikwa mu mwaka wa mbere.

Ivyangombwa Bikenewe Ku Ishure

Mu gihe muhinduye aho muba canke nimero ya telefone, musabwe cane guhita mubimenesha ishure. Ishure ritegerezwa kuba rifite ivyo vya ngombwa kugira ngo tumenye aho tubashakira vyihuta.

Umuvyeyi Yahawe Uburenagnzira ku Mwana

Ibi bishinzwe abakuze kuba mufite impapuro zo mu rukiko zerekana ko mufite uburenganzira ku bana hanyuma mukaduka ikopi. Niba ari umuvyeyi umwe afite ubwo burenganzira, aba yemerewe gufata imyanzuro kw-ishure ku bijanye n-amasomo y-umwana kiretse izo mpapuro zo mu rukiko zibisigura ukundi kuntu. Niba abavyeyi bompi basangiye uburenganzira ku mwana, nta n-umwe aba yemerewe gufata ingingo zo ku mwana wenyene kiretse urukiko rusigura neza inyifato mu gihe habaye ingingo zihuta n-uko ishure ryoshakisha. Abo bavyeyi bompi baba bafite uburenganzira bwo kubona amanota y-umwana kiretse ishure ryararonse itegeko ryo mu rukiko ko umwe muri abo bavyeyi ata burenganzira agifite ku mwana. Nimba hari ivyo mufite mushaka gusiguza, musabwe guhamagara Ibiro vy-Abanyeshure kuri (623) 237-7133. **Haramutse habaye ikibazo, Amashure ntashobora gutanga ivyangombwa vyo ku munyeshure kiretse ico kibazo kimaze gutorerwa umuti.**

Amategeko y-Inkingo

- Kw-Itegeko A.R.S.15-872, Ishure ntirishobora kwandika umwana ishure ritararonka ivyemeza ko akwije inklingo kireka hari ivyemeza ko arekuriwe kudategwa izo nkingo kw-itegeko A.R.S. [15-873](#).
- Agatabo k-inkingo ni ngombwa umusi wo kwiyandikisha. Izo nkingo zibuze, ishure rifite uburenganzira bwo kurungika umwana mu rugo hakurikijwe itegeko A.R.S. 15-871-15-874.

Kwiyandikisha mu Ishure Ry-Aho Udatuye

Intara ya Arizona irategekanya ingingo ku bana baba hanze y-Akarere ka Glendale. Abavyeyi baba hanze y-imbibe za Glendale canke bahinduye ishure muri Glendale, barashobora kugumiza umwana muri Glendale hakurikijwe amanota y-mwana hamwe n-ibibanza. Abana bamaze kwandikwa ntihaza ngo buzuze izindi mpapuro umwaka ukurikira. Umwana wawe atiga mur Karere ka GESD, bisaba ko umwandikisha ku murongo [gesd40.org](#).

Kwimura abanyeshure ku rindi shure

Bibaye ngombwa kwimura abanyeshure, musabwe kuja mu biro vy-ishure kwuzuza impapuro zo kwimura umwana imbere y-amasaha 24. Mbere yo kwimura umunyeshure, ibikoresho vy-ishure vyose harimwo ibitabo vyose mugomba kubisubiza ishure mbere yo guheraheza kwimura umwana.

AMAGARA Y-ABANYESHURE

Insiguro y-Amagara y-Abanyeshure

Akarere k-Amashure Abanza muri Glendale kariyemeje kubungabunga amagara y-abanyeshure kugirango bakomeze kwiga neza kandi bamerewe neza. Muri iki gice hari mwo amakuru asobanura ivyerekeye amagara y-abanyeshure.

Amategeko Agenga Amagara y-Abanyeshure

Umunyeshure azoramuka arungitswe mu rugo kubera impamvu zo kwa muganga, azogaruka mw-ishure ari uko Ibiro vy-Amagara bizoba vyamuhaye uburenganzira bwo kugaruka kwiga.

Mu gihe bizoba bigaragara ko umunyeshure ashobora kuba arwaye ivyo ashobora kwandukiza abandi, Intara ya Arizona isaba kubimenesha Igisata ca Maricopa citaho amagara y-abantu hakurikijwe amategeko A.R.S. 36-621.

Umunyeshure wese azoba aboneka ko arwaye ku mubiri, amaso, afise umuriro n-ibijanye na vyo, bazoca baja ku musuzuma. Umuforoma w-Ishure azoca araba ingene umwana ameze hanyuma abimeneshe abavyeyi/abarezi. Umuforoma w-Ishure ashobora gusaba abavyeyi/abarezi kujana umwana kwa muganga akazogaruka kw-ishure muganga yamurekuye ko yosubira mw-ishure.

Umukuru w-Akarere ka Glendale niwe ashinzwe ingingo zifatwa ku bijanye n-amagara y-abanyeshure. Muri izo ngingo hari mwo:

- Ingene imiti itangwa (iriya miti baguriraho) hakurikijwe amategeko ya Arizona n-Ingingo z-AbaserukirAkarere.
- Gutunganya amakuru yo gukingira amagara.
- Ingene bavura abakomeretse canke abarwariye kw-ishure no kubitaho.
- Gusuzuma abanyeshure kugira tumenye aboba bafise ubumuga.

Ingwara Zidakira

Abanyeshure barwaye indwara zidakira barashobora kuronka urupapuro rwo kwuzuza bahawe n-ibiro vy-umuforoma. Urwo rupapuro ruri ku murongo mbikamakuru wa Glendale mu Biro vy-Abanyeshure.

Mugihe mumenye ko umunyeshure afise indwara idakira, musabwe kubimenesha ibiro vy-umuforoma kugira ngo abahe urupapuro. Rapor y-Ubuhamya bwa Muganga yandikwa n-umuganga avyemerewe canke umuhinga w-ingaburo. Urwo rupapuro ruca rurungikwa mu biro vy-ishure. Iyo abanyeshure basivye ishure kubera ingwara idakira, biba bishoboka ko batazoshobora gukurikirana ibindi bikorwa ngororerabumenyi canke ivyigwa vyo kunonora imitsi. (Itegeko A.R.S. § 15-346 rirategekanya ivyokorwa bijanye n-abanyeshure bafite ungwara zidakira)

Ingwara Zandukira

Umumyeshure wese arwaye ingwara yandukira canke amaze imis akize iyo ngwara ntazemererwa gutonda ishure kiretsi ahawé uburenganzira na Muganga nk-uko amategeko abivuga;

hamwe n-ingingo za Intara zitaho amagara y-abantu, hamwe no mu gisata ca Maricopa hakurikijwe Ingingo (JLCC).

Abavyeyi tuzobasaba kuduha urutonde rw-ingwara zandukira umwana umwe umwe wese yarwaye hanyuma tubibike mu biro vy-Akarere. Umunyeshure azoba arwaye indwara yandukira azoheza atahe muhira kugira yoroherwe kandi ntiyandukize abandi. Birahambaye cane ko tumenya hakiri kare ko umunyeshure yafashwe n-ingwara yandukira. Mu gihe habaye ingwara y-icaduka, umukuru w-Igisata c-Amagara y-Abantu muri Maricopa niwe afata ingingo zo kurungika abanyeshure no kubagarukana.

Umunyeshure Yarwaye Yoguma mu Rugo

Kugirango dukingire abandi bana, ni vyiza ko umuvyeyi yogumiza mu rugo umwana yarwaye. Abana ntibarekuriwe gutonda ishure mu gihe bafashwe n-ingwara yandukira, nk-uko amategeko y-Igisata C-Amagara muri Arizona abisigura. Abana baba bararwaye ingwara zandukira bashobora kugaruka kw-ishure umukozi w-Ibiro Ntungamagara vy-Ishure amaze kubaha uburenganzira bwo kugaruka. Umunyeshure afise umuriro, ayorwa, canke ahitwa agaruka kw-ishure haheze imisi ibiri amaze gutora mitende atakiri ku miti.

Inkingo

Ishure ntirishobora kwandika umwana ishure ritararonka ivyemeza ko akwije inkingo kireka hari ivyemeza ko arekuriwe kudategwa izo nkingo kw-itegeko rya Intara ya Arizona A.R.S. [15-873](#). Mu gihe co kwiyandikisha, ishure ntirizemerera umwana kiretsye yerekanye ivyangombwa bijanye n-inkingo. Abana batagira aho baba baca babarungika ku mukozi wo mu biro bifasha abatagira iwabo

Ivyemeza inkingo umwana yatewe bisabwa ku musi wo kwiyandikisha. Abavyeyi ni bo bajejwe gushaka inkingo z-abana babo bagatanga ikopi kw-ishure. Intara ya Arizona itegeka ko abana barungikwa muhira mu gihe badakwije inkingo zisabwa. Hagire hagere ko abana baronka inkingo nshasha, umukozi wo mu biro ntungamagara azorungika agakete yibutsa abavyeyi abaha n-itariki ntarengwa. Umwana aronse inkingo, muca muza kopi y-izo nkingo kw-ishure ibikwe mu vyangombwa vy-umwana muri dosiye yiwe yo kw-ishure.

Mu mategeko y-Intara (A.R.S. §15-872), amashure asabwe kugira ivyemeza inkingo z-abana mbere yo kubemerera ishure. Amashure aremera ivyangombwa bitangwa n-abaganga, canke ivyangombwa bivuye mu mashuli umwana yahora yigamwo. Ivyerekeye inkingo mushobora kuyasaba umukozi wo mu Biro Ntungamagara, abadogiteri, canke mu Gisata ca Intara c-Amagara y-Abantu. Abnyeshure bandikwa **mu myaka yose**:

- **Zine- IBIGOGA/URUKEBU/AKANIRA** na rumwe nyuma y-imyaka 4, canke zitanu zose hamwe. Nimba umwana yari yararengeje imyaka indwi igihe yaterwa urukingo rugira gatatu, arakwije inkingo. Urukingo rw- **ibigoga/urukebu/akanira** rwo kwibukiriza: ku myaka 11 canke nyuma y-imyaka 5.
- **Zitatu – NKINGA BUMUGA** Urukingo rwambere umwana aruterwa amaze umwaka 1, urundi rumwe aruterwa yararengeje imyaka 4 (Zose hamwe ni 4 akaba akwije).
- **Zibiri- IBIHARA-AGASAMA-AMABINGA.** Urwambere akituka, urundi mu gitamwaka.
- **Zitatu- IGITIGU B.** Urwa 3 aruterwa nyuma y-amezi 6 avutse (ukwezi kumwe canke 2 hagati y-urwa 1 n-urwa 2. Urwa 3 amezi 4 nyuma y-urwa 1). Urwa 3 nyuma y-ivyumwero 24 avutse.
- **Rumwe – Agasama** canke ivyemeza ko yarwaye agasama
- **Umusonga na Mugiga (nka 3 nibura) baziterwa mu Gitamwaka gusa**
- **Igitigu A** (zibiri- hagati y-amezi 6) ku gitamwaka gusa hanyuma
- **Rumwe – Mugiga** ku bana bose bakwije imyaka 11
- **Rumwe IBIGOGA/URUKEBU/AKANIRA ku bana bose bakwije imyaka 11**

Umwana iyo atari buterwe inkingo ku mvo zinyuranye zijanye n-ivyo utemera, canke ingene umubiri wiwe ufile ubushobozi ndemanwa bwo kwikingira ingwara (akarorero mu gihe umwana yamaze kurwara ingwara yo gukingirwa), uca usaba kwuzuza impapuro ko umwana abona uburenganzira bwo kudaterwa inkingo. Izo mpapuro uraheza ukaziha ishure. Inkingo zo ku buntu zirahari muri Maricopa. Umukozi wo mu Biro Ntungamagara kw-ishure ry-umwana arashobora kubasigurira ido n-ido ivyerekeye ayo mavuriro.

Imiti

Mu bihe bimwe na bimwe umunyeshure arakenera gufata imiti ari mw-ishure. Akarere karaheza kakumvikna na Muganga wanyu na mwebwe abavyeyi tumaze kubona ibi bikurikira:

- Urupapuro rwa Muganga rwemeza izina ry-umuti, n-ingene uwo mwana ari bufate uwo muti.
- Urupapuro rw-abavyeyi ruha ishure uburenganzira bwo guha umuti umwana canke kumufasha kuwufata. Impapuro zisabwa mushobora kuzibona mu biro vy-ishure.
- Uwo muti utegereza kuba uri muvyo utekewemwo nk-uko Muganga aba yarawanditse mu Kingereza, canke utekeye mu vyo ugurishwa mwo n-ingene Muganga avuga ingene ukora.

Imiti iyo ari yose ishikirizwa Umukozi w-Ibiro Ntungamagara kw-ishure canke uwamusubiriye kugira bayibike neza.

Hakurikijwe amategeko ya Intara, NTA munyeshure arekuriwe kugendana imiti aja kw-ishure canke ataha kubera impungenge bitera ku bandi banyeshure. Umuvyeyi canke umurezi niwe asabwa gushikana uwo muti kw-ishure kandi agaca yuzuza urupapuro rwo gusaba uburenganzira bwo guha umuti umwana. Umwana bamuha uwo muti bakurikije ivyanditse mu co utekeyemwo. Nimba umuvyeyi asaba ko baha umwana umuti mu bundi buryo, Muganga niwe aheza akandi insobanuro akabishikiriza Umukozi wo mu

Biro Ntungamagara kw-ishure. Uburenagnzira bw-umuti buherana n-umwaka w-ishure. Ku musi wanyuma w-ishure abavyeyi basabwa kuza gutora imiti y-abana babo canke bakicunguza uwundi mutu biciye ku muforoma w-ishure. Imiti beneyo batazotahana ishure rizoca riyita umusi wanyuma w-ishure.

IBIHE BIDASANZWE:

Abanyeshure bapimwe ko bakunda guseserewa (anaphylaxis) barafise uburenganzira bwo kugendana agashinge boca bitera (urugero nka epinephrine). Umunyeshure rero agomba kumenyesha umunyamabanga Umukozi mu Biro Ntungamagara vy-ishure ko hari igihe ategerezwa gukoresha uwo muti. Ku bana bafite ingorane zo guhema, bararekuriwe kugendana imashini ibafasha guhema. Muri ico gihe, izina ry-umunyeshure rigomba kuba ryanditse kuri iyo miti canke ako kamashini, kandi ishure rikaba rifite ikete umuvyeyi/umurezi yanditse aha umwana uburenganzira bwo kubikoresha. Murabaza Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure abahe insiguro y-Uburenganzira bwo gukoresha imiti hamwe n-amategeko yabwo.

Ingwara y-Inda zo mu mushatsi

Abanyeshure bazoba barwaye inda mu mutwe no mu myenda bazorungikwa mu rugo kugeza utwo dukoko tumaze gushira. Abanyeshure bazobonaho izo nda ari nzima ntibazobemerera gusubira mw-ishle. Umuforoma w-ishure azahita ahamagara abavyeyi kugira baze gufata abana batangure kuzibavura. Abo bavukana bazoheza babasuzume barabe ko nabo ntazo barwaye. Abo bana bazoca barungikwa mu rugo imisi yose zokurikira bakazogaruka ari uko bamaze gukira izo nda. Umuforoma niwe atanga uruhusha rwo kugaruka kw-ishure. Ishure rizoha umuvyeyi insiguro ijanye n-utwo dukoko n-umuti watwo.

Umukozi wo mu Biro Ntungamagara

Ishure ryose mu Karere rirafise ibiro ntungamagara Umukozi wo mu Biro Ntungamagara niwe yitaho abanyeshure mu ngorane zihuta, akabaha imiti, agakurikirana amatariki y-inkingo akongera akaza arabasuzuma muri rusangi igihe bikenewe. Imiti abana bandikiwe na Muganga hanyuma bakayifatira kw-ishure izanwa n-umuntu akuze ikaba iri mu macupa yayo canke ico bayikoreye mwo kandi yanditseko ingene muganga ashaka ko iyo miti bayifata. Imiti igugwa icamaso itegerezwa kuba iri ku rutonde rwemewe n-Akarere k-Amashure kandi iri mu co yakorewe mwo. Imiti yose itegerezwa kubikwa mu Biro Ntungamagara umukozi w-ivyo biro akaba ari we ayitanga canke uwo yatumye. Umwana wanyu arwaye bidasanzwe agakenera Muganga mu mwanya w-amasaha y-ivyigwa, ni vyiza ko mubiganira Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure be n-abigisha ku mwaka ku mwaka kugira imiti y-uwo mwana ashobora gufata yame ihari mu gihe utari hafi canke uri ku kazi.

Imiti Abana bashobora Guhabwa kw-Ishure

Buri mwaka abavyeyi bagomba gutanga uburenganzira kugirango Umukozi mu Biro Ntungamagara kw-ishure afashe umumyeshure gufata imiti nk-uko iba yanditse ku rutonde umuvyeyi yatanze. Ubwo burenganzira buba bwanditse kandi buriho umukono w-umuvyeyi. Iyindi miti yose itari kuri urwo rutonde ntiyemewe kugeza Muganga ashize ho umukono wiwe wemeza iyo miti.


IMIDUGA YUNGURUZA ABANYESHURE

Insiguro Ku Miduga Yunguruza Abanyeshure

Abashoferi bacu baritaho abo bunguruza ku rwego rwo hejuru dukoresheje ubuhinga bugezweho, imiduga myiza, tugaheza tugakora akazi ngo dushimishe abo twunguruza.

Amategeko Agenga Gutwara Abana muri Bisi

1. Kurikiza amategeko y-umushoreri n-umufasha wiwe igihe cose uri muri bisi.
2. Ube wageze aho wuririra bisi iminota 5 mbere y- igihe cyo gufata.
3. Wubahe bisi yishuri hamwe nibintu byose kumurongo wahagaritswe.
4. Shiraho umurongo utambitse kumuhandra (kuri dogere 90 ya dogere) aho bisi zihagarara hanyuma ugume kuri akayira.
5. Niba utazi icyicaro cyawe icyo ari cyo, baza gusa umuyobozi wa bisi y'ishuri.
6. Gumana amaboko, ibirenge, nibintu byawe wenyine. Vuga mu ijwi ryo mu nzu.
7. Guma kure yakarere ka bisi (reba akaga kari munsi).
8. Windows ya bisi igomba kuguma ifunze (keretse iyo byateganijwe na shoferi / monitor).
9. Amacupa yamazi aremewe, ariko: ntushobora kuba ufite soda, ibiroyo, bombo, cyangwa amase.
10. Nyamuneka nyamuneka kubika amatungo yawe, udukoko, ikirahure, nibindi byose kumuziga murugo.
11. Ibikoresho bya siporo cyangwa ibikoresho bya muzika bigomba kuba murubanza, igikapu, cyangwa umutekano.
12. Abanyeshuri bagomba kugira bisi hanyuma bagasuzuma bisi muri AM na PM.
13. Abanyeshuri barashobora kwurira gusa no gusohoka aho bahagaze aho bisi zihagarara.
14. Bisi zose zabuze, zibwe, cyangwa zangiritse zitangirwa amafaranga kandi zishobora kugurwa kuva kuri ishuri.
15. Ibikoresho bya elegitoronike (ELD) bigumisha ibintu byose bya elegitoronike mu gikapu cyangwa mu mufuka. Ibikoresho bya elegitoronike nka ariko ntibigarukira kuri terefone ngandanwa, paj, na kamera. Abakinnyi b'itangazamakuru, amasaha meza, terefone, cyangwa imikino.



Ibikoresho Mbonesha-Mutekano kuri Bisi

Bisi zifite ivyuma vyerekana ibarabara iri gufata, za kamera zifata amafoto n-amajwi mu gihe Habaye ingorane muri bisi

Indangamuntu za Bisi

Mu gutaha, itegeko rivuga ko utinjira bisi nta kimuranga ufite. Abanyeshure badafite ikimuranga bazosabwa kuja mu biro vy-ishure kugura ikindi kimuranga canke bahamagare abavyeyi/abarezi babo kugenda kubatahana. Bibaye ivyihuta bitarindira, ishure rirashobora gufasha iko bashoboye. Kugendera muri bisi y-ishure ni ubutu ntabwo ari uburenganzira.

Amakosa muri Bisi n-Ibihano Bijanye na yo

Abanyeshure basabwa kwitwara neza mu gihe cose bari muri bisi, canke ku bituro vy a bisi, canke basohotse bisi. Iyi nyifato nziza igomba jujana n-ingene abanyeshure bitwara mu gihe baba bari mwishure. Mu gihe umunyeshure arenze amategeko, umushoferi acá amwihaniza, ariko iyo nyifato mbi ikomeje, umushoferi acá yandika raporo akayishikiriza umuyobozi w-ikigo (hakurikijwe itegeko EEAEC ry-abayobozi b-Akarere rigenga inyifato y-abanyeshure muri bisi).

URWEGO RUTOYA

AMAKOSA	IBIHANO
Kutaguma wicaye mu kibanza Kuvuza urwamo no gusamaza abandi Amasoda, ibiryo, za bombo na za bihekenya Kutumvira shoferi canke umufasha we Ibitutsi, imvugo n-ibimenyetso biteye isoni Kurenga amategeko agenga kwitwara neza muri bisi Kwugurura ibiyo vy a bisi N-ibindi	

URWEGO RWO HEJURU

Amakosa	IBIHANO
Gusohora igice c-umubiri canke ikintu ufjite ucishije mu idirisha rya bisi. Kumena/Gusambura umutjungo w-Akarere (Bashobra kukurisha ivyangaritse vyose) Amatabi y-ubwoko bwose, ibibiriti, ibantu vyose binuka, ibindi vyose birakira, inzoga n- ibindi vyose bisa nazo. Gusindira umuntu. Ibirwanisho bicira umuriro, ibisa navyo, ivyuma bisambura, canke bitera akaga. Guturubika canke kunyuzura. Gukinisha canke kwatsa ibikoresho bibura impanuka Kujabuka ibarabara uciye inyuma ya bisi Kuruka/Gucira N-ibindi	Guhamagaza inama ihuza ishure n-umuvyeyi w-umunyeshure Igihano kw-ishure kugeza ku misi 5 n-inama y-abavyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisi imisi 5 n-inama y-umuvyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisiimisi 10 n-inama y- umuvyeyi Igihano co guhagarikwa muri bisi imisi 30 hakaba n-inama y- ishuel n-umuvyeyi Guhagarikwa muri bisi amezi ane canke imisi yose iba isgay mu mwaka w-ishure. Igihano ca gatatu gikurikizwa ku mategeko y-ibihano muri GESD

Urubuga Rufasha Abavyeyi

KU BIJANYE NA BISI BURI KANYA



**ABAVYEYI
BARASHOBOYE**

Urubuga Rwa Bisi y-Ishure

- Bisi Nshaka Igeze he?
- Ikimenyetso c-igihe Bisi ishikiraho
- Amakuru ku bituro vya Bisi
- Ingene Umenya amakru y-Abana Bawe Bose

Amakuru Ku nzira za Bisi
Amafone Nyabwonko
Kwinjira Ku rubuga mw-lbanga

Aho Bisi y-Ishure Igeze Muri Kano Kanya



Edulog ni urubuga rw-ababyeyi rufasha abavyeyi kubona umwanya n- ahantu hateganiwe kuba igituro ca bisi n-igihe bisi y-ishure iri buhagere, buri musi, kandi ikanoheresa abavyeyi ikimenyetso kuri telefone zabo ngandanwa bisi imaze kugera hafi y-ahari igitoro cayo. Ababyeyi basabwa kwiyandikisha hanyuma bakagira umutekano imisi yose umwana agiye kw-ishure canke atashe ari muri bisi y-ishure.

IVYUMA VY-UBUHINGA BWA NONE

Insiguro y-Ubuhinga bugezweho

Amashure yo mu Karere araha abanyeshure babifitiye uruhusha ibikoresho binyuranye vy-ubuhinga bugezweho kugira ngo batere imbere mu bwenge. Umunyeshure wese asabwe kwubahiriza uburenganzira bw-abandi mu gihe ariko arakoresha ivyo vyuma, kandi akwubahiriza amategeko y-Amashure yo muri Glendale akitaho kumenya ubwenge nkuko ari intumbero y-Amashure muri kano Karere. Umunyeshure wese ategerezwa kubwira Umukuru w-Ubuhinga Ntumamakuru mu gihe abonye abatariko barakoresha ivyo vyuma nkuko amategeko abisaba. Amasezerano niyo akurikira hanyuma ku rupapuro rwa 35 ni umukono. Uwo wese atazokurikiza amategeko azohabwa igihano bibaye ngombwa bamuhagarike. Mu gihe Abavyeyi badashaka ko abana babo bakoresha ivyo vyuma boheza bakatwandikira.

AMASEZERANO MU GUKORESHA UBUHINGA BUSHASHA

Ivyemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma – Ndabitahura kandi ndemera ibi bikurikira:

1. Ubuhinga Nyabwoko bwa none bwashizweho kugirango busahirize mu nyigisho kandi bushobora gukoreshwa mu vyiga gusa. Amajambo “ivyigwa gusa” birimwo ibikorwa mw-ishure, ihugurwa ry-abakozi, ubushakashatsi n-ibindi bijanye n-ishure. Ibi vyuma ntivyagenewe gukinisha (kiretsse mbifitiye uburenganzira), kugwiza itunga canke amapolotiki. Nsabwe gukurikiza amategeko ategekanya mu mateka y-Akarere ka Glendale. Icongeyeho n-uko aya mategeko ahagarikiwe n-Umurwi MpagararirAkarere hamwe n-amategeko y-Abayobozi muri ako karere. Amakopi y-ayo mategeko muzoyasanga mu biro kuri buri shure hano mu karere.
2. Uvyuma Nyabwonko nti vyategekanirijwe gukoreshwa n-abo ari bo bose canke hose. Niyo mpamu ibiri vy-Akarere bifite uburenganzira guhagarika amakuru yose aba aciye muri ivyo vyuma hakurikijwe amategeko. Nsabwe rero gukurikiza amategeko agenga amateka n-ubuyobozi bw-Akarere ka Glendale. Ndemeza neza ko ubuhinga bwose ntumamakuru, amatelefone, n-ubundi buhinga nyabwonko bukoreshwa hano mu karere k-Amashure abanza ka Glendale, bishobora gusesangurwa tukabona iyo biva n-ijo bija, ababitumye n-abo vyatumwi, kandi nahohi nobihanagura bishobora kudahanagurika.
3. Ubuhinga Nyabwonko burafise umurongo mbikamakuru uwo ariwe wese ari mu kigo c-Amashure ya Glendale ashobora gukoresha. Ni bwo buryo bwonyene burekuwe gukoreshwa ivyuma vya banyene vyo (amatelefone ngandanwa, utumachini nyabwonko ngandanwa) mu Karere ka Glendale. Nta bundi buhinga bushoboka kurahura amakuru muri nyabwonko za Glendale. Ariko kubera ko tutagendura ivyo vyuma, hashobora kuba mwo inzitiro mudashobora gucako cnake kumena. Iyo mihora y-amakuru nayo nyene irekuriwe gukoresha mu bumenyi n-ibijanye n-akazi gusa. Umuvo w-amakuru ni muto. Kwemererwa kurahura amakuru ni ubuntu Akarere kaba katugiriye. Bashobora kuzibira uwo muhora igihe cose bashakiye.
4. Abanyeshure bashobora gukoresha ivyuma vyabo bari mu kigo c-ishure mu bijanye no kwiga, ariko Akarere kagomba gukingira ivyuma vyako ngo ntivyononekare. Akarere ntikazemanga ivyuma bizoba vyatakaye canke vyononekaye. Ivyuma vya bene vyo bishobora gukoreshwa mu mashure mu gihe vyemewe n-Ibiro Mpagararirabuhinga mugihe umuyobozi w-ishure yatanze uruhusha ku bakozi, abanyeshure nabo bagakenera uruhusha rw-umwigisha n-abavyeyi. Baraba umwe umwe wese mu gutanga uburenganzira kandi bagashobora no kubwaka uwo wese batarinze kwisigura. Ivyo vyuma vya bene vyo kirazira ko bicomekwa mu muyangnkuba w-Amashure kubera ko tugomba gukingira ivyuma vyacu, kiretsse amamashini nyandikamakuru y-abigisha.

Akarere karafite uburenganzira bwo gusuzuma ivyo vyuma mbikamakuru ivyo ari vyo vyose vy-ubwoko bwose kugira ngo dukurikize amateka n-amategeko y-Akarere ka Glendale kajanye n-Amategeko Akingira Abana. Gusesangura ivyo vyuma bishobora gukorwa mw-ibanga kandi mu biri muri ivyo vyuma vyose. Dusanze mwo twa dukoko twica amamashini nyabwonko turafise uburenganzira bwo guhanagura, kwonona canke kubika ibiri muri ivyo vyuma. Dusanze mwo amakuru

anyuranye n-amategeko y-aya masezerano canke amategeko ya Intara hano iwacu canke ya Intara Zunze Ubumwe, Akarerere karashobora gufata ivyo vyuma.

Niwaba uzanye imashini zemererw –Akarere ka Glendale, utegerezwa kwemera ibikurikira:

- a. Ndi gukoresha imashini yanje bwite mfite uburenganzira bw-Akarere, abaserukira Akarere, canke abavyeyi (ku banyeshure) .
 - b. Nzokoresha ibi vyuma mu ntumbero yo kwiga canke y-akazi k-Akarere ka Glendale gusa.
 - c. Nzokurikiza amategeko y-Akarere ka Glendale mu bijanye no gukoresha ubuhinga nyabwonko.
 - d. Sinzokwinjira mu mihora nyabwonko ya Glendale mu buhinga bwayo bwose. Ariko nemerewe gukoresha umuhora w-abashitsi bo mu karere ka Glendale.
 - e. Sinzokoresha umutungo w-Akarere ka Glendale urebana n-impapuro n-irangi
 - f. Ndatahura ko Amashure n-Akarere bitabaraba mu gihe ibikoresho vyanje bipfuye/ vyibwe.
 - g. Ndatahura ko biro Bijejwe Ubuwinga Nyabwonko muri Glendale, abayobozi, abigisha b-umunyeshure bashobora gusaka iikoresho vyanje bareba ko ndi gukurikiza amategeko.
 - h. Ibikoresho nzohora nzana mu karere ka Glendale ni ibi bikurikira:
Utwuma ducomekwa kugirango mbashe gusoma ibirimwo, utumashini ngandanwa, twa nyabwonko dutoduto, amatefone yo mu minwe, amamashini nsororamakuru n-ayafata amafoto (abakozi gusa) ariko nkaba nzi ko ntarekuriwe kubicomeka ku murongo mbikamakuru w-Akarere k-Amashure abanza ya Glendale.
 - i. Nzokoresha ubuhinga mbikamakuru aho gusaba abakozi b-Akarere ngo bamfashe gutengeneza ivyuma vyanje.
5. Imirongo mbikamakuru agaragara ku murongo nyabwonko wa w-Akarere ka Glendale irashobora gukoreshwia mu kurahuara amakuru dukoreshe imashini zacu. Akarere kabishatse, imirongo ukoresheje ishobora guhagarikwa canke igafutwa mu mashini zawe.

Ibitemewe n-Amategeko Agenga Ivyuma

Kugirango twirinde uburyo burari bwiza bwo gukoresha umurongo ntabwonko wa Glendale, niyemeje:

1. Gutunganirwa no gutunganiriza abandi (ku banyeshure gusa)
 - a. Sinzokwandagaza ivyangombwa vyanje canke ivy-abandi (amazina, aho ntuye, inimero za telefone, aderesi z-Amashure n-ibindi) kiretse nabirekuriwe n-umwigisha n-abavyeyi
 - b. Sinzoganira n-abantu ku murongo ntangamakuru kiretse nadabirekuriwe n-abavyeyi kandi tukaba turi kumwe
 - c. Nzohita mbwira umwigisha canke umuyobozi w-Ishure ni nabona intandiko zitabereye canke zintesha umutwe.
2. Ibikorwa binyuranye n-amategeko.
 - a. Sinzogerageza kwinjira mu mihora nyabwonko w-Akarere ka Glendale canke imashini nyabwonko za-Akarere kandi ntabifiye uruhusha. Sinzogerageza kwiba urufunguruzo rw-uwundi canke umuhora wabo ata burenganzira bampaye. Sinzosabikanya n-abandi urufunguruzo rwo kwugurura umurongo nyabwonko wa Glendale.
 - b. Sinzogerageza guhungabanya umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale canke ngo nandukize nyabwonko udukoko tuyisambura mu buryo ubwo ari bwo bwose.
 - c. Sinzigera nkoresha umurongo nyabwonko wa Glendale (nshaka kudandaza canke kugura urumogi, ibiyayuramutwe, inzoga, kuvugana n-inkozi z-ikibi, n-ibindi bibi), kunyuruza umutungo mu buryo bw-ivyuma nyabwonko etc.).
 - d. Nzirinda kwugurura canke gukoresha imihora mbikamakuru. Uburorero bw-imihora mbikamakuru (Uburorere: imihora y-abigenga, imihora rwihihswa, canke ya bene yo gusa)
3. Kwiba canke kurahura ubwenge atari ubwanje.
 - a. Sinzigera nabura ubwenge nsanze muri nyabwonko. Kwabura ubwenge ni ukwiba ibikorwa vy-ubwenge hanyuma ukavyiyitirira nk-ivyawе.
 - b. Nzubahiriza amategeko akingira uburenganzira bwa nyene ibikorwa. Kurenga amategeko akingira bene ibikorwa ni uguSubirawo ibikorwa atari rwawe ukavyiyitirira kandi bikingiwe n-amategeko. Ivyo bikorwa niba bimurikiwe n-amategeko y-ingene vyokoreshwia, ayo mategeko ngomba kuyubahiriza. Nimba ntasobanukiwe neza ingene

nokoresha ivyo bikorwa, nzoheza nsobanuze nsabe uruhusha bene ibikorwa. Ibibazo nzoheza ndabibaze umwigisha canke umukozi ahagarariye ibikorwa nyabwonko.

4. Gukingira ivyuma

- a. Nijwee nyene njejwe umurongo wanje. Sinzogerageza kwiba urufunguruzo rw-uwundi canke umuhora wabo ata burenganzira bampaye.
- b. Ntawe nzemerera gukoresha urufunguruzo canke umurongo mbikamakuru vyanje. Kirazira ko Abayobozi, Abigisha n-Abacungera-mihora bansaba urupfunguruzo rwanje
- c. Nzoca mbwira umwigisha canke umukozi ahagarariye ubuhinga mbikamakuru buno nyene ndamutse mbonye ko hari ikintu gishobora kubangamira umurongo nyabwonko, muri ivyo hakaba hari mwo urufunguruzo rwibwe canke rwononekaye, aboba bagerageje kwinjira mu mashini nyabwonko kwiba amakuru arenze ayo umuntu aba yemerewe
- d. Sinzokwigera mvoma mw-isoko ntarekuriwe mwo kiretsé naronsé uburenganzira nandikiwe n-umwigisha canke umucunga-mihora nyabwonko.
- e. Nzokurikiza impanuro zo kwirinda gukwega udukoko twokwonona umurongo ntabwonko mu gihe nzoba ndiko ndavoma mw-isoko ry-amakuru naherewe uburenganzira.
- f. Sinzigera mpungabanya umutekano mu gusbanganya amakuru, mu kwinkiza ivyonona nyabwonko, canke mukwima abandi uburenagnzira bwo gukoresha umurongo nyabwonko. Muri ibi harimwo gukwega ivyica umurongo canke kubitera muri nyabwonko.
- g. Sinzigera ngerageza gusambura, gukora canke guhindura ivyuma nyabwonko canke vyo gutumatumanako amakuru ntabifitiye uburenagnzira. Gukora ivyuma canke guhindura ico ari co cose bitangirwa uruhusha n-umuyobozi w-Ishore cane umwigisha.
- h. Sinzigera mvana ivyuma nyabwonko mu Karere ka Glendale ntabifitiye uruhusha.
- i. Umuyobozi w-ibiro biraba ivuma nyabwonko niwe wenyene afise ububasha bwo gutanga uruhusha rwo kurahura amakuru mu murongo nyabwo w-Akarere ka Glendale nkoresheje ivyuma ngendanwa, amatefone, utumashini nyabwonko, imashini zifotora, zicapa canke zisohora amakuru, intinga zikwega amakuru, imashini zikina ireresi. Ndamutse ndenze kuri aya masezerano nzoharurwa ko ntegerezwa kuriha ibizoba vyononekaye kugira basubize mu buryo ibizoba vyononekaye kubera ivyuma nzoba nasobetse mu bindi nshaka kuvoma amakuru.
- j. Ndatahura neza ko Akarere ka Glendale gafise uburenganzira bwo gukuraho icuma ico ari co cose kitahawe uburenganzira bwo gushakisha amakuru biciye mu murongo nyabwonko wa Glendale.

5. Imvugo.

- a. Sinzokoresha imvugo y-ubushirasono, y-iterabwoba, y-amanyama, y-ukutubaha abandi canke itiyubahiriza.
- b. Sinzigera nkwiragiza amakuru aturira, canke atubahiriza umutekano w-abandi ngo yorohereze abanyeshure kwiga mu mutekano.
- c. Sinzosomborotsa abandi, yaba umuntu umwe canke umurwi w-abantu. Sinzozigiriza abandi. Kuzigiriza abandi birimwo kuba amahoro abandi. Bambwiye guha amahoro abandi ngo ndeke kubarungikira amakuru atabashimisha nzohita ndeka.
- d. Sinzigera ngira ibigirankana ngo ndabikore ndabishaka mu gukwiragiza amakuru aturira canke yambika iceyi abandi canke amashirahamwe.
- e. Sinzigera nkwiragiza mu mirwi y-abantu imfatangane z-amakuru kandi atari ngombwa.

6. Gusuma urusaku canke kurungika amakuru mu buryo butari bwo.

- a. Sinzigera ndungika amakuru atabereye canke arimwo ibitersoni (bifatiye ku gitsina), canke asahiriza ibikorwa binyuranye n-amategeko, canke yosha imigumuko n-ivangura, canke abiba urwanko. Abigisha n-abanyeshure bo mu mashure yisumbuye bashobora kwugurura amakur mwene ayo ariko intumbero yabo ari ubushakashatsi. Muri ico gihe umunyeshure abanza kuronka uruhusha rw-umuvyeyi n-umwigisha.
- b. Nzohanahana amakuru nkoresheje imirongo y-Akarere nirinde kumenera mu mirongo y-abandi
- c. Kwandika no gusabikanya amakuru ku mbuga bitegerezwa kubanza kwemezwa n-ishure. Amakuru aja ku mbuga ni ayajanye n-ishure be no kwitegurira imyuga gusa.

Kugira Ubuntu mu buhinga mbikamakuru.

Ishirahamwe Mpuzamakungu ry-Ubuhinga mu Mashure (ISTE) rirasobanura ingingo ngenderwako ziranga kugira ubuntu mu gukoresha ubuhinga bwa none mu Mashure.

Ndatahura neza ko ngomba kwitwara neza ngakurikiza amategeko akurikira:

Kwubaha

1. Gukoresha imbikabumenyi: Kwubahiriza uburenganzira bwo gukoresha imbikabumeny
2. Inyifato ku mihora mbikamakuru: Amategeko gusa ntahagije — dukwiye kwigisha bose inyifato ibereye mu vyerekeye imihora nyabwonko mbikamakuru.
3. Itegeko rigenga imihora mbikamakuru: ni icaha ginwa n-amategeko kwiba amakuru, karangamuntu canke umutungo nyabwonko vy-uwundi muttu

Kwigisha

1. Itumamakuru nyabwonko: kubera ko ubuhinga ntumamakuru bwagwiriye,
2. Ubumenyi mbikamakuru: Birakenewe ko abanyeshure biga gukoresha ubuhinga mbikamakuru.
3. Gusuma biciye mu mirongo mbikamakuru: Kubera ko gusuma hakoreshejwe imirongo mbikamakuru, birakenewe kwigisha kwitondera igurishwa ry-ibantu ku mirongo nyabwonko

Guhagarikira

1. Uburenganzira no kwiyubara: ni ngombwa kumenyesha abantu iyubahirizwa ry-uburenganzira bwabo, bwo kuvuga ikiri ku mutima, n-ibindi...
2. Amahoro n-umutekano mu mirongo mbikamakuru: Abakoresha imirongo mbikamakuru barakwiye kumenya gukingira ibibaranga ngo ntihagire inkozi z-ikibi zivyiba.
3. Uburyo ntungamagara mu mirongo nyabwonko: Gukoresha imirongo mbikamakuru biratera indrvara zo guhuha umutima, n-izo kutiyumanganya gukoresha iyo mirongo, niyo mpamvu abakoresha iyo mirongo mbikamakru bakwiye kumenya ingaruka mbi za yo.

Amategeko Agenga Imbuga Mbikamakuru (IJNBD)

Nasomye neza amategeko agenga umurongo mbikamakuru mu karere ka Glendale, none ndemeye gukurikiza ingingo zigenga Ugukingira Uburenganzira bw-Abana (CIPA), aribwo bwerekana ingene twokoresha umurongo mbikamakuru mu karere, akaba ari ibi bikurikira ariko si ibi gusa:

1. Ingingo Zigenga Imbuga zo Kubika amakuru.

- a. Gushakashaka amakur atabereye.
- b. Uburenagnzira bw-Akarere mu gucungera, kurerka no guhagarikira ikoreshwa ry-ivyuma nyabwonko n-imirongo.
- c. Umutekano n-ugutunganirwa kw-abana mu gihe bari gukoresha imirongo ntumamakuru n-ubundi buhinga mbikamakuru.
- d. Kwinjira mu miringo ntabwonko utabifitiye uruhusha
- e. Gusabagiza ivyangombwa vy-umuntu ukabikwiragiza hose canke ukabikoresha
- f. Gutukana canke kurya umutima abandi ukoreshe imirongo mbikamakuru.

Uburenganzira Bwanje

1. Ndatahura neza ko Akarere ka Glendale gashobora kumbuaz ivyo muga kubera impamvu z-Amashure y-abana canke akazi. Akarere ntikazombuza kuvuga kubera iviyumviro vyanje.

Ndatahura kandi ndemera ko:

Ata burneganzira mfise bw-amakuru mu gihe nkoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale ndabicshije muri telefone, imirongo n-ivyuma ntumamakuru, imiromgo rusangi, kwndika ubutumwa, n-iyindi mirongo ntumamakuru. Abavyeyi barafite uburenganzira bwo kuraba ibiri mu mirongo ntumamakuru yanje (ku bana bari *musi y-imyaka 18*).

2. Mu gukubura no kubungabunga urubuga nyabwonko rw-Akarere ka Glendale birashobora gutuma ntahura ko narenze amategeko y-Akarere hamwe n-aya masezerano.
3. Bazoheza bashakashake aho nzoba nararenze amategeko haramutse hariho ivyemezo ko narenze amategeko y-Akarere. Gushakashaka bizokwisunga aho bibaza ko nzoba nararenze amategeko.
4. Akarere kazokorana n-abajejwe amategeko bo mu kibano, b-intara hamwe n-aba Intara.

5. Basanze nararenze amategeko mukutubahiriza aya masezerano IJNDB canke IJNDB-R yo mu karere ka Glendale, bazoheza bansobanurire aho narenze amategeko bongere bampe umwnaya wo kwisigura. Ayandi makosa yose azoba yarakozwe bazoyasobanura bakoresheje amateka agenga Akarere ka Glendale.
6. Akarere ka Glendale karafise uburenganzira bwo kugabanya canke guhagarika uburenganzira bwo gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ka Glendale.

Kwishura Ivyuma Vyamenetse canke Vyibwe

Ndazi neza ko ari jewe vyega gusubiriza ibikoresho vyose bampaye hanyuma bikononekara canke bakavyiba mu gihe ntazoba ndi ku kazi canke mu bibanza bizwi n-Akarere ka Glendale, canke iyo nagiye mu nama, n-ibindi bikorwa bisa n-ivyo. Ivyuma bizoba vyibwe vyari mu muduga, n-aho noba ndi mu kigo c-Akarere ka Glendale, nzotegerezwa kuriha Akarere ka Glendale hanyuma nsigare nishuza ishirahamwe ryanje rya asiranse.

Ingingo Zikingira Amashure ya Glendale

1. Akarere ka Glendale ntigashobora kwishinga ibijanye n-akazi canke ivyoshika mu gihe c-akazi kuber ikoreshwa nabi ry-umurongo nyabwonko, urwangara, amakosa canke kutibanga akazi.
2. Akarere ntikazokwishinga ivyo nzob natanze mu kazi ata burenganzira nahawe n-Akarere imbere yo gukora ako kazi.
3. Akarere ntigashobora kwemeza canke ngo gahakane amakuru azoba ari mu murongo nyabwonko wako.
4. Akarere ntigashobora kwemanga ivyo nzoba natajaje mu gihe nzoba ndiko ndakoresha umurongo nyabwonko wako kubera hari ivyazimiye, ivyakoze nabi, ivyatevy, canke bitatumbereye inzira nyayo.
5. Gukoresha amakuru nzoba nakuye ku rubuga rw-Akarere ka Glendale vyega jewe gusa.
6. Abavyeyi, abanyeshure bakuze n-abakozi barashobora kwishuzwa ivyononekaye mu gihe co gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere.
7. Akarere gafise uburenganzir bwo gufata icemezo c-amakuru rusangi. Akarere karashoboa gusabikanya amakuru ata ruhusha karize gusaba abakoresha umurongo wabo.
8. Kurungika ikete ukoreshheje umurongo ntumamakete w-Akarere nti nko gukoresha urupapuro rwanditse ko izina ruy-ishure.
9. Abakoresha umurongo nyabwonko bose bategerezwa kwiyubara gukwiragiza ivyangombwa nkoramutima vy-abanueshure.
10. Amakuru yose aciye muri nyabwonko y-Akarere ka Glendale aba yabaye ay-Akarere kandi umukuru w-Akarere n-abakozi bako bshobora kuyaraba igihe cose bashakiye
11. Kirazira gukoresha umurongo nyabwonko w-Akarere ku nyungu yawe gusa. Ingingo zikurikira nizo zega ikoreshwa ry-umurongo nyabwonko wa Glendale:
 - a. Gukoresha uwo murongo ntibishobora gutwara Akarere amahera
 - b. Uwo murongo ni uw-ibikorwa vy-Akarere. Kuwukoresha ivyawe vyobakantu gato cane.
 - c. Nta gukwiragiza amakuru kuri uwo murongo kireka ari inyungu y-Amashure canke y-akazi. Ivayngombwa atari rusangi kirazira kubikwiragiza nyene vyo atavyemeye.
 - d. Kirazira gucomeka ivyuma ivyo ari vyo vyose ku murongo nyabwonko ata burenganzira wahawe n-uwuserukira uo murongo nyabwonko. Ivyuma vy-Akarere vyonyene nivyo bishobora gukoreshwa ku murongo nyabwonko wa Glendale.
 - e. Amakuru yo mu mirongo ntumamakete atari rusangi vyiza mwoyasoma hanyuma mukayahanagura.
 - f. Inkino atari rusangi kirazira kuzikinira ku rubuga nyabwonko
12. Abanyeshue bategerezwa guharurwa ko ingene bakoresha umurongo nyabwonko. Basabwa gupfunga umuhora wabo muhihe bahejeje gukoresha imashini nyabwonko.
13. Kirazira gukoresha umurongo nyabwonko mu kujajura.
14. Kirazira kwiyandikisha mu mirwi y-itumamakete.
15. Kirazira kurungikira amakete abokresha umurongo nyabwonko bose.

16. Kirazira ko umurongo nyabwonko ukoreshwa mu gusega, mu kurata ivyashara, mu gukoka, mu kwinjiza abanywanyi mu mashengero canke mu ma politike, canke mu mashirahamwe yo hanze.

Aya masezerano yo gukoresha umurongo nyabwonko wahinduwe itariki 1 ukwa 5, 2019. Mwomenya neza ko Akarere ka Glendale gashobora gusubiramwo ayamasezerano igihe cose bibaye ngombwa.

Igitabo c-Amategeko y-Abavyeyi n-Abana

Izina ry-Umunyeshure (urudome ku rundi): _____ Ishure _____

Izina ry-Umwigisha (urudome ku rundi) _____

Imikono iri hano musi yemeza ko:

Naronse ikopi y-igitabo c-amategeko c-Akarere k-Amashure Abanza mu Karere ka Glendale muri uno mwaka w-ishure kandi twe n-abana wanje twaafashe umwanya wo gusoma amategeko n-ingingo biri muri kino gitabo.

Ndashigikiye kandi nzokurikiza ivyo iki gitabo gisigura nku ngendo nyayo.

Nasomye amasezerano yo gukoresha ivyuma mbikabumenyi kandi Ndatahura neza ko intumbero y-urubuga mbikamakuru ari kurera no gucisha ubwenge kandi nzokoresha ibiri mwo neza.

Ndatahura neza ko Umurwi NserukirAkarere ushobora guhindura ibiri muri kino gitabo ni vyaba ngombwa muri uyu mwaka w-ishure.

_____ Izina ry-Umuveyi/Umurezi (Andika indome)

_____ Umukono w-Umuvyeyi/Imurezi

_____ Umukono w-Umunyeshure

_____ Itariki

Ni mwaba muvukana muri abana babiri canke barenga, umwana umwe wese yandika izina ryiwe ku murongo umwe aha musi. Kopi ibikwa muri dosiye nyamukuru y-umunyeshure.

IVYANGOMBWA ISHURE RISHOBORA USABIKANYA

GUSABA KO IVYANGOMBWA BIDASABIKANYWA

Itegeko Ngorororamiryango ry-Indero (FERPA) rivuga ko bashobora gusabikanya ivyangombwa vyawe kuri uwo ari we wese, ibinyamakuru, amashure kaminuza, igisirikare n-ahandi, utabanje gutanga uruhusha rwanditse.

Ivyo vyangombwa, n-aho vyitwa ko atari nsinzikaza-buzima, canke ngo bisesangure karangamuntu, barashobora kubisabikanya n-amashirahamwe batarinze gusaba umuvyeyi uburenganzira.

Ivyo Vyangombwa ni nk-ibi bikurikira:

- Izina ry-Umunyeshure
- Aho umunyeshure aba
- Telefone y-umunyeshure
- Ifoto y-umunyeshure
- Itariki y-amavuka n-aho umunyeshure yavukiye
- Umurongo mbikamakuru w-umunyeshure
- Ivyemeza ko umunyeshure yanditwse mw-ishure
- Imisi umunyeshure yatonze ishure
- Umwaka umunyeshure ageze mwo
- Ishure canke ikigo umunyeshure yizemwo ubwanyuma, Inimero Ndangamunyeshure, Nimero-Mpfunguruzo, canke urundi rupfunguruzo umunyeshure akoresha mukuganirira mu vyuma ntumamakuru, ariko urwo rupfunguruzo rukaba ruterekana ivyangombwa vy-amashure y-umunyeshure kiretse urwo rupfunguruzo rwugurura ibifatanye n-ivyangombwa vy-umunyeshure inimero n-akajambo ntasangirwa , canke ivyangombwa bimenywa na nyene uburenganzira bwo kurukoresha.
- Inomero Ndangamunyeshure canke inimero ntasangirwa yanditse kuri karangamuntu, ariko mu gihe gusa izo nimero zitugurura ibirangamashure y-umunyeshure, nimero na twa tujambo ntasangirwa, canke utundi twangombwa ntasangirwa nyene umurongo mbikabumenyi yisangije.

Ni waba ushaka ko ata vya ngombwa vy-abana bawe bihabwa umuntu canke ishirahamwe iryo ari ryo ryose, usabbwe kubimenesha Akarere k-Amashure yo muri Glendale ukabandikira ikete.

Kutemera ko ivyangombwa vy-umwana wawe batabisabikanya bimara igithe umwaka w-ishure umara kiretse wanditse ikete ryo kwemera ko bashobora kubitanga. Bivuga ko buri mwaka mugomba gusaba ko badasabikanya ivyangombwa vy-abana banyu. Kiretse ivyo boba baramaze gutanga. Ishure ritaronse ikete wanditse ubihaniza gusabikanya ivyangombwa vy-umwana wawe bizoba bisigura ko bazabitanga.

Nshize umukono kuri runo rupapuro bivuga **ko ata burenganzira mpaye** Akarere canke umuntu uwo ari we wese, ishirahamwe iryo ari ryo ryose, bwo gutanga ivyangombwa vyanje canke vy-umwana wanje kiretse ntanze uruhusha canke amategeko abisaba, **harmwo kudatanga amafoto n-amazina ayo ariyo yose.**

Andika indome:

Izina ry-Umunyeshure: _____ Nimero #: _____

Izina ry-Umuvyeyi/Umurezi: _____

Aho muba: _____

Telefone yo mu nzu: _____ Telephone ngendanwa: _____

Umukono w-Umuvyeyi/Umurezi: _____ Itariki _____